


MIBVUNZO NEMHINDURO VAHEBHERU CHIKAMU III

 ...kuva pano manheru ano zvakare patabhenakeri, kutarisira muruwadzano urwu rwunoshamisa nokunamata tiri paShoko raMwari iro rinopiwa kwatiri pachena. Uye tiri . . . tinoda kuva vagoverani veropafadzo iri.

⁵⁵⁴ Uye ndinovimba chete kuti Mwari vachatiropafadza manheru ano sezvaVaita mangwanani ano, nemharidzo yemangwanani. Zvino ndanga ndichangotaura nemuvakidzani wangu, Mai Wood, nguva yapfuura, uye tanga tichikurukura nezvayo, naVaWood nevamwe. Uye ndinotenda kuti ndiyo yanga iri mharidzo yaHama Neville yakanakisisa pane dzose dzakanaka dzavakaparidza, ndiyo yanga iri nani kwandiri kupfuura chero ipi zvayo yavakamboparidza. Zvirokwasvo ndayemura nekukoshesa mharidzo yakanaka iyoyo. Uye yandipa kushinga, uye yandigadzirisa. Saka ndi—ndinoda kubvuma kushwadi, munoziva. Saka, pamusoro pezvikumu zvekushinga, munoziva, kuva nousingi, uye kuzo. . . Dhavhidhi aivepo, uye kuti iye. . . Paya ari mukuyedzwa kukuru kuya, pachinzvimbo chekuti ati “Zvakanaka, ndichaenda kunoita izvi, Ishe, iMi chingondibatsirai,” akamirira, akaenda akanobvunza Ishe zvokuita. Akaunza efodhi, munoziva, zvino akati, “Zvino ngatisimukei tibvunze Mwari, “Tinofanira kuitei mudambudziko iri?”” Oo, zvange zvakapfuma chaizvo. Izvozvo zvaive nemavhitamini akawanda kudarika zvitoro zvese zvemishonga zvaive zvichiwanikwa munyika. Hongu, changamire, izvozvo zvinokuitirai zvakanaka chaizvo.

⁵⁵⁵ Zvino, manheru ano, isu—isu hatina chinangwa chekugara zvokuzopfuura pakati peusiku, kana tichigona, pamibvunzo iyi. Saka ticha—tichatongopinda mairi chaimo, izvozvi. Kupedzisa mibvunzo iyi, uye pese pandinotanga kuipedzisa. . . Zvino, Hanzvadzi Hattie, ndanga ndisingareve izvozvo, munozviva izvozvo. Nda—ndanga ndichingotaura izvozvo, munoono; uye, zvakanaka. Asi ndine mimwe yakaomarara kwazvo pano yabva kune mumwe mushumiri, uye yakaoma chaizvo kupindura. Munoziva, ivo vaparidzi, vanoumonyorora nemuBhaibheri uye voedza kuwana mhinduro yavo ivo vasati vakubvunza, munoono. Uyezve. . . uye izvi zviri kurekodhwa patepi, zviri kudzika kuGeorgia kune mushumiri shamwari yangu ane mibvunzo misere yakatsaurwa yemuBhaibheri iri pano yakaomarara zvakananyanya, kwazvo.

⁵⁵⁶ Uye zvino, vhiki rino rinouya, musakanganwe uye mutinamatirewo.

⁵⁵⁷ Uye mudzimai wangu ari nani chaizvo; amuka zvino, uye abatsira kubika, nhasi. Shamwari dzedu dzinodikanwa dzinobva kuCanada, Hama, Hanzvadzi Sothmann, vari pano vatishanyira, uye zvechokwadi tinokoshesa kushanya kwavo. Uye mudzimai wangu, achiziva kuti vari kuuya, saka, anga achizomuka kuti azowana kumwe kuvaraidzwa nekuwadzana kwevanhu ava vanodikanwa Makristu. Tinofara kuva naHama Freddie nesu manheru ano, uye mudzimai asara aina . . . Vanga vari pano mangwanani ano, asi ndinotenda vasara na . . . kwete, ndizvozvo, vana Meda, kuti vaite sekuva naye apo tichidzika zasi kuno; nokuti ndinoziva kuti nguva ichange yati perezi zvishoma manheru ano, pane chirairo nekugezana tsoka. Saka tinofara kuva navo nevaenzi pamwe nesu.

⁵⁵⁸ Zvino, tisati tatanga kuedza kuti tipindure mibvunzo . . . Uye ingorangarirai kuti ndi—ndinogona kukanganisa, munoono, ini—ini handitaure kuti ndizvo zvacho pane zvese zvandinaita. Ndi—ndinoedza kuva pachokwadi, asi pamwe ndiri—ndiri kukanganisa. Uye—uye kana ndiri kukanganisa, zvino imi mongondiregererawo; uye ndinonamata kuti Mwari vachadarowo, zvakare, nokuti handirevi kunge ndichikanganisa. Handiedze kuipindura zvekungo- . . . kana nenzira yandinongo . . . kufungira zvakaipa, ndinoipindura nepandinogonesesa napo pakuziva kwangu, munoono. Uye kana ndichifanira kushandura pfungwa dzangu pamubvunzo wemuBhaibheri, ndinofunga kuti ndicho chinhu chekuita. Tinofanira kushandura, chero nguva, panotaura Shoko raMwari; nokuti iShoko raMwari.

⁵⁵⁹ Uye zvino, ndinofunga kuti tichanamatira vanorwara zvakare manheru ano, semazuva ose. Uye dzimwe nguva unongoshamisika; unotoro sezvakaita boka duku serino, vashoma pane, oo, tabhenakeri duku iri pano, uye dzimwe nguva hauoni zvibereko zvaungade kuona. Asi chinhu chacho, zvauroi kuita, uri kungatora kubva pavanhu vangangosvika mazana maviri. Uye mumwe wemisangano mikuru, pamwe uri kuunganidza vangave kubvira pazviuru zvitatu kusvika kugumi, munoono, uye—uye pamwe kudarika. Saka ndiyo nzira, unozogona kuona vakawanda kwazvo. Asi manheru ano, ndanga ndichingopindura . . . Ndizvozvo foni yedu inorira pamaminiti mashoma ega—ega mukati mezuva uye nechikamu chehusiku.

⁵⁶⁰ NdiMai Reiser here ava vagere pano, vandakatarisa? Bhaibheri renyu, hanzvadzi, Hanzvadzi Wood vanaro kumashure uko. Ndakuunzirai mangwanani ano, uye ini—ini handina kukwanisa kuripa kwamuri. Uye ini—ini handina kukuonai mangwanani ano, zvino Mai Wood vanaro.

⁵⁶¹ Saka pakudaira foni nekutsvaga zvinhu zvi—zvikuru zvakaitwa. Mumwe mudzimai andifonera, akati, “Hama Branham, ndakanga ndiri pane mumwe musangano *wekwakati-kwakati* uye ndakanga ndichitambudzika

nedambudziko *rakati-rikati* kwenguva yakareba *zvakadai*. Uye, munoziva, makangotaura kumashure uko, ndokungo. . .” Akati, “Ndakapotsa ndafenda paWakangodzosa hupenyu hwekumashure.” Ndokuti, “Uye handina kuzombotambudzika kubva ipapo.”

⁵⁶² Uye mumwe mudzimai apinda ndokuti. . .Ndinotenda ari pano manheru ano, kana kuti anga ari kuzotyaira kubva kuBedford, ndinotenda, kana kumwe kumusoro uko. Mwanakomana wavo akanga ari muno, ndinotenda, uyo akanga aine dambudziko remwoyo, ari muchimiro chakashata kwazvo. Zvino akanga agere muno mumusangano, uye—uye Ishe vakatenderera uye vakabata. . .vakataura kumukomana nezve dambudziko rake, uye akanga asingagoni zvachose kusimudza ruoko rwake, uye kusashanda kwemoyo, uye ruoko rwake rwose ruwine chiveve, uye mwoyo wake wakadai. Uye pakarepo akabva angopinda mumota ndokutyaira achienda kumba, haana kuzombonetswa nazvo kubva ipapo. Mudzimai uya anobva kuBedford asvika here? Uri pano here, mudzimai? Hoyo ari apo, kumashure. Hongu, achangobva kundifonera, nguva yapfuura.

⁵⁶³ Zvino pane mumwe mudzimai andifonera kubva zasi kuEvansville. Uye ange asingakwanisi kusvika pano nekuti ari kure-kure zvakanyanya, anga asingazivi kuti tichava neshumiro manheru ano yekunamatira vanorwara. Zvino ati, “Hama Branham, ndakanga ndakagara mumusangano wekuEvansville,” ndokuti, “makatarisa kumashure napamusoro pechaunga mukati. . .mukandjudza kuti ndaiva ani, uye nezvandakanga ndaita, nezvandakanga ndatambura nazvo, nezvimwe zvakadaro.” Iye ndokuti, “Ndakanga ndine chinhano ichocho cheasima, uye ndaifanira kupisa Asthmador nezvose mukamuri kubvira ndichiri musikana mudiki.” Ndokuti, “Ave makore maviri apfuura, uye handisati ndambova nekadodzi kamwe zvako kayo kubvira ipapo.” Maona?

⁵⁶⁴ Uye kungoitira avo vari pano manheru ano, vanga vasipo pano mangwanani ano kuti vafadzwe nechapupu; ndakanga ndiri uko kuchitoro chinotengesa zvachipira, ndichitenga chidhori, nezuro. Zvinoka, chakanga chisiri changu ini, muri kuonaka. Chaiva chemusikana wangu mudiki, Rebekah, ipapo. Uye—uye Sarah akanga achienda kune kumwewo, kunhu, nhasi. Vamwe vevaanodzidza navo vadiki vanga vari kuve nekamwe kakuungana pamwe chete kadiki, kebhavhadhe kana chimwewo, zvino iye anga atora chipo chake chidiki; zvino ndakanga ndichitenga kachidhori kadiki kemwana, kakareba zvakada *kudai*. Zvino paiva nemumwe mudzimai akafamba achiuyako, akati, “Munondirangarira here?”

⁵⁶⁵ Zvino ndikati, “Handitendi kuti ndinodaro.”

⁵⁶⁶ Zvino ndakatozoono kuti, yaive hama yaHama Neville pano, kuti nezve. . .pandakanga ndiri munzira yangu kuenda

kuSweden, ivo...Akauya muno, aine mukomana mudiki ari muwhiricheya, sezvakangoita Edith muduku apo, zvino kamuchinda kadiki kaiva nekenza, bundu rakashata kwazvo pauropi. Uye musoro wake mudiki wakarererera pasi, uye iye...uye vanachiremba vakanga vamupa mavhiki matatu chete ekurarama. Vakanga vakariburitsa uye vakariongorora, ndokuona kuti raive...zvavaiva, uye ndokungomupa mavhiki matatu ekurarama. Zvino vaitenge vomufambisa kwesekwese ari muwhiricheya, uye vobva vamuisa pasitirecha paakapinda mukamuri ndokumuongorora, uye zvadaro kumudzosa kuno. Ndakaenda ndikanonamatira mukomana mudiki iyeye, ndokukumbira Ishe kuti vamupodze. Zvino zuva racho rakatevera, pavakamutora vakaenda naye ikoko, akati, "Handidi hwiricheya iyoyo."

567 Vakapinda mumota ndokutyaira ikoko, zvino chiremba ndokuburitsa sitirecha, akati, "Handisi kuda sitirecha iyoyo."

568 Akamhanyira kumusoro ikoko ndokugara pasi, chiremba akamuongorora, akati, "Saka," akati, "pachinzvimbo chemavhiki matatu, ndichakupa makore zana namasere auchararama."

569 Zvino, nezuro, amai vacho vakasangana neni. Uye vanogona kunge vari pano, sokuziva kwangu, manheru ano. Zvino mukomana mudiki akanga ari kunze achitamba nhabvu, ava mujaya zvino. Kenza yakashata, muhuropi, uye zvinongoratidza...

570 Oo, zviuru zvezvinhu, munoona. Mwari havagoni kukundikana. Ivo—Ivo havangogoni kukundikana.

571 Hama John, ziso renyu rave nani here, hama? Vakaita tsaona, uye vairovera chipikiri zvino chikabva chavarova muziso. Uye tese takanga tichinamatira Hama John O'Bannon, hama yedu inobva kuLouisville yakanga yaita tsaona yechipikiri chakavarova muziso.

572 Zvino, mibvunzo iyi ndiyo hu—hudzamu hwemoyo wemumwe munhu; yavanoverenga muGwaro vowana zvinhu izvi, uye vorega...pamwe havakwanise kuzvigutsa pachavo, saka vanoionza imo muno kuti isu tiedze kupindura. Uye munoona kuti zvinotipinza muchinhano chakadii; nokuti, zvaunozotaura, vanogara pazviri. Saka unofanira kuve nechokwadi chokuti zvauro kutaura ndizvo, uye ndiri... nechokwadi chaungagona kuva. Saka zvadaro, chinhu chekuve nechokwadi chekuti zvatiri kureva ndizvo, ngatingokumbirai Mweya Mutsvene zvino kuti utidudzirire izvi, tichikotamisa musoro wedu.

573 Zvino, Baba voKudenga, oo, mukana wakanaka zvakadini kutaura kuti "Baba" kuMusiki mukuru wematenga nenyika. Uye tinongoKukumbirai kuti mutore mibvunzo iyi muchengetedzo yeNyu Momene zvino. Yaunzwa imo

muno nekuperera kwakadzamisisa. Mwari, itai kuti zvibude kubva mumwoyo yedu, kuperera kwakadzamisisa, kuipindura nokuzivisisa kwese kwatingagona kuita; zviitei.

⁵⁷⁴ Uye dai tsitsi dzeNyu dzazorora pane mumwe nemumwe. Uye dai chimwe chinhu chaturwa pano manheru ano chichangobatsira munhu wese ari pano. Uye patinobva, mushure mokunamatira vanorwara uye nekutora chirairo nezvimwe zvakadaro, dai tataura sevaya vakabva kuEmausi, “Mwoyo yedu yanga isingatsvi here matiri paAnga achitaura nesu munzira?” Nokuti tinozvikumbara nemuZita raJesu. Amenii.

⁵⁷⁵ Zvino, sezvandakataura nguva dzakawanda, kuti iyi—iyi pano ndiwo—ndiwo maonero angu akanakisa pamusoro payo, uyezve dzimwe nguva zvinosimudza kanhaurirano kaduku. Wekutanga pano, ndinoona kuti ndezvimwe zvandakambotaura kumashure, kuti wakadzoserwa zvakare. Handizo . . . ndinoda kuuverenga zvino, kana muchida.

65. Adhamu naEvha pavakaita vana vavo muEdheni, paive nevamwe vanhu here panyika panguva iyoyi? Muna Genesi chitsauko 5 uye ndima 16, Kaini akagara munyika yeNodhi akaziva mudzimai wake.

⁵⁷⁶ Zvino, mu—mubvunzo wakaisvonaka kwazvo. Zvino, tinodzidziswa muBhaibheri . . . Uye nguva zhinji izvi . . . dzimwe nguva tisina hany’ a taka- . . . Ndaisimboisa kabepa kadiki, uye ndoti, “Bvunza. Ndopindura chero mubvunzo wemuBhaibheri.”

⁵⁷⁷ Zvino mumwe munhu akati, “Saka, mudzimai waKaini aiva ani?”

⁵⁷⁸ Oo, ndaiita kajee kadiki nazvo kana chimwe chinhu, ndaiti, “Oo, aive mwanasikana waambhuya vake,” kana zvimwe zvakadaro, munozviva, kana—kana “Aive Mai Kaini.” Asi izvozvo hazvipindure mubvunzo. Pane . . .

⁵⁷⁹ Ikoko Kaini aiva nemudzimai, nokuti Bhaibheri rakati aive naye. Uye kana Kaini aive nemudzimai, aitofanira kumuwana kune imwe nzvimbo. Zvino uyu unobva wapinda mumutsara mauri pano:

Paiva nevamwe vanhu here panyika Adhamu naEvha pavakava nevana vavo mubindu reEdheni?

⁵⁸⁰ Zvino, mukacherechedza, muBhaibheri kashoma chaiko pakambonyorwa nezvemukadzi achizvarwa. Nguva dzose mwana wechirume ndiye wavanonyora muBhaibheri, kwete mukadzi. Kashoma kuti panotaurwa nezvekuzvarwa kwemwana musikana, muBhaibheri. Kana, chaizvo—chaizvo, handizive pandinogona kurangarira mumwe ipo pano zvino, mupfungwa, kwarakambonyora nezve kuzvarwa kwemwana; rakati, “Vakabereka vanakomana nevanasikana.”

⁵⁸¹ Zvino, Bhaibheri rinopa chete nhorondo yevana vatatu vakazvarwa naAdhamu naEvha, uye vakanga vari Kaini, Abheri,

naSeti. Zvino, kana vose vari vatatu ava vari varume, dai pasina vanhukadzi vakazvarwa, zvinoka apo mukadzi woga (Evha) paakafa, rudzi rwevanhu rwungadai rwakaguma kuvapo pakare ipapo, nekuti paizenge pasina nzira yekuti ivo va—vave nechero . . . rudzi rwevanhu rwunge rwuchienderera mberi, nekuti kwaisazova nevakadzi vanenge vasara. Evha angadai ari iye ega. Asi, munooona, havanyori pasi ku—kuberekwa kwevana vasikana, muBhaibheri, saka naizvozvo vaifanira kuva nevasikana zvakafanana nevakomana.

⁵⁸² Zvino, munyori wekare, mumwe wevanyori vekare-kare vatinavo, Josephus, anoti vaiva nevana makumi manomwe, zvino Adhamu naEvha; mumwe wevanyori vekaresa, “vana makumi manomwe, uye vaive vari vose vanakomana navanasikana.”

⁵⁸³ Zvino, kana . . . Zvino zvadaro kana Kaini akaenda kunyika yeNodhi . . . Zvino, kana mukacherechedza, munyori akanga achinyora zvine hungwaru kwazvo, zvakanyanya pano. Macherechedza here kuti azviture sei?

MuEdheni, pavakabereka vana vavo muEdheni . . . Zvino, kwete mubindu reEdheni, munyori aiziva izvozvo. Angave ani akanyora chinyorwa pano, ati: Adhamu naEvha pavakaita vana vavo muEdheni . . .

⁵⁸⁴ Kwete mubindu reEdheni, nokuti vainge vadzingwa mubindu reEdheni. Asi vakanga vachiri muEdheni, uye bindu reEdheni rakanga riri kumabvazuva muEdheni. Asi Edheni yakanga yakaita senyika kana—kana iyo . . . kana dunhu, uyezve Nodhi raive rimwe dunhu kana nyika iri pedyo nayo.

⁵⁸⁵ Zvino, munhu bedzi uyo Kaini angadai akava naye, kana kuroora, aifanira kuva ari hanzvadzi yake pachake. Aifanira kutodaro. Nokuti pane murume mumwe chete nemukadzi uko kwavangadai vakabva, munooona, zvino aitofanira kuroora hanzvadzi yake pachake. Zvino, zvakanga zviripamutemo mumazuva iwayo.

⁵⁸⁶ Zvino Isaka akaroorana hama yake yepedyo yeropa, Rebheka, zvakagadzwa naMwari. Sara akanga ari hanzvadzi yaAbrahama, hanzvadzi yake yeropa; kwete mwana waamai vake, mwana wababa vake. Munooona, hanzvadzi yeropa iyo—iyona Abrahama akaroorana; amai vakasiyana, asi baba vamwe chete.

⁵⁸⁷ Saka, munooona, kuroorana pahukama kareko, mu—muhwezva weropa usati hwapedzwa simba murudzi rwevanhu, zvakanga zviripamutemo uye zvakanaka. Zvino hazvisi. Kana waizoorana hanzvadzi yako nhasi, wova nevana, vanozogona kudaro vari . . . saka, vanozove vakangoremara uye nezvinhu zvese. Kunyangwe kudzika kusvika kuhama yepedyosa nehama yepedyo havatombofanire kuroorana, munooona, nokuti muhwezva weropa uri kuderera uye uchienda uchiderera.

⁵⁸⁸ Asi chinhu choga Kaini chaigona kuita, kwaiva, kuroora hanzvadzi yake pachake. Uye ndiko uko kwavaiva nevana

vaka... Akatora mukadzi wake, akaenda kunyika yeNodhi ndokumuziva, zvino kubva ipapo kwakauya va—vana. Munoono, ivo...

⁵⁸⁹ Uye kana mukacherechedza, kubva mudzinza raKaini pakabuda varume vakangwara. Kubva mudzinza raSeti kwakabuda varume vanamati, ndinoreva, mu—muzambiringa wokururama. Ipapo chaipo, vaviri ivavo, vakaunza mutsara chaiwo watiri kurarama mauri nhasi.

⁵⁹⁰ Kana mukacherechedza nhasi izvozvi (mukungopedzisa mubvunzo uyu): dzinza raKaini richiripo, uye dzinza raSeti richiripo. Vose vakadzika zvakangofanana. Vana vaKaini vari muno muJeffersonville manheru ano, uye vana vaSeti vari muno muJeffersonville manheru ano. Muhwezva weropa unopera simba uchibuda, asi dzinza iroro rinoramba riripo.

⁵⁹¹ Zvino, tarisai. Vana vaKaini nguva dzose vaive... uye kuparadzwa nemvura zhinji kusati kwaitika, vaiva vanhu vakachenjera: vesainzi, vadzidzisi; uye vainamata zvikuru, asi vakanga vari boka rakapomerwa. Maona? Zvino tarisai, vakanga vakangoita sababa vavo Kaini. Kaini, aive munhu ainamata. Akavaka artari yakanaka, uye akagadzira chechi yakanaka, uye akaedza kuita kuti itaridzike zvakakanaka kupfuura kamisheni kadiki kaye kaive naSeti zasi uko. Maizviziva here? Chokwadi iye... Akashongedza artari namaruva, akaigadzira zvakakanaka, akaigadzira zvakaishonaka; ndokugadzira chechi yakakura, huru, inoshamisa, nokuti aifunga kuti aizowana nyasha naMwari mukuzviita.

⁵⁹² Uye Abheri akaenda uko akanatora gwayana duku, ndokutanga kurikwevera kuartari, ndokuriradzika padombo ndokuriuraya.

⁵⁹³ Uye zvino, kana Mwari vaine nduramo, kana zvose zvaVaida kwaingova kunamatwa, Kaini akanamata Mwari nekuperera kwese sezvakaita Abheri. Vese vari vaviri vaive vakaperera. Vese vari vaviri vaiedza kuwana nyasha naMwari. Hapana mumwe wavo aive ari uyo asingatendi. Vose vari vaviri, zvamazvirokwazvo, vaive vatendi muna Jehovha. Zvino, ipapo, izvozvo zvinotipa chimwe chinhu chokufunga nezvacho.

⁵⁹⁴ Vamwe vari pano manheru ano handisati ndambovaona, vanhu; handisati ndambokuonai kumashure. Asi munofanira kucherechedza izvi, uye mochengeta izvi mupfungwa dzenyu. Maona? Hazvina mhosva kuti unonamata zvakadzi, izvozvo hazvina kana chinhu chimwe chine chekuita nazvo. Unogona kugara muchechi, unogona kunge wakaperera kwazvo, uye uchiri wakararika! Maona?

⁵⁹⁵ Uye munoti, “Saka,” munoti, “vafundisi vedu ndivo vakangwara kupfuura vose, vakauya kuburikidza nemaseminari kuti vawane dzidzo yakanakisisa. Ivo vadzidzi vebhaibheri, vanoziva dzidzo yose—yose yebhaibheri nezvimwe zvakadaro.

Uye vakangwara, vakadzidziswa, kungoti. . .vasanangurwa vakanakisisa vatinoziva.” Asi vanogona kunge vachakarasiswa! Maona?

⁵⁹⁶ Zvino Kaini, padzinja rake: vaive, mumwe nemumwe wavo, ainamata zvikuru; vanhu vakakurumbira kwazvo; uye vakanga vari vezvesainzi, navanachiremba, nevavaki, nevashandi, nevarume vakachenjera. Asi dzinja rose iroro rakarambwa, kubva kuna Kaini nzira yose zvichidzika zasi.

⁵⁹⁷ Zvino kudivi raAbheri: vakanga vasiri vavaki kana vadzidzisi kana varume vakangwara; vaive, vari tingati, vamwe vafudzi vemakwai, vakaninipa, nevarimi, vaingofamba noMweya.

⁵⁹⁸ Zvino, Bhaibheri rakati, “Hakuna kupiwa mhosva kune avo vari muna Kristu Jesu, vasingafambi munyama asi muMweya.” Munhu wemweya ane munhu wemukati wemweya asingambofe. Zvino munhu wenyama ane hupo hwechinamoto hwakamupoterredza (uye anoda kunamata nezvimwe zvakadaro) asi ari wenyama; asiri uyo asingatendi, asi mutendi wenyama; uye ndiyo mhando yakarambwa.

⁵⁹⁹ Zvino, kubva ipapo, Kaini akaenda akanoroora mukadzi wake munyika yeNodhi. Zvino, haritauri kuti Seti akarooro ani, kana kuti vamwe vakarooro vanaani. Uye chinhu chakanaka kwazvo chaizvozvo kuziva kuti—kuti, Kaini achiroora, tine mhinduro kwazviri. Nokuti aifanira kuroora hanzvadzi yake, kana kuti iye. . .kana kuti kwaive kune. . .

⁶⁰⁰ Pakanga pasina vamwe vakadzi panyika, asi vaifanira kubva kuna Evha. Ndiye aiva amai vavapenyu vose. Ndizvo, vanhu vose vakanga vachirarama, ndiye aiva amai vavo. Ndicho chikonzero chekuti aive. . .Izwi rokuti *Evha* rinoreva “amai vevapenyu.” Saka akauya akaunza mwana uyu. Zvino Kaini akarooro hanzvadzi yake chaiyo, ndiyo yega nzira yandaigona kuona kubva pazviri. Saka kwaiva nevanhu vairarama muzuva iroro, chokwadi. Maona? Saka, uye. . .

Adhamu naEvha pavaiva nevana vavo muEdheni. . .Zvino tarisai, ndiwo mubvunzo: Pavaiva nevana vavo muEdheni, paive here nevamwe vanhu panyika panguva iyi? Kwete! Zvino muna Genesi 5:16, munona, Kaini akagara munyika yeNodhi akaziva mudzimai wake. Chokwadi. Maona?

⁶⁰¹ Ndiyo Genesi 1, paVakasika munhu nemufananidzo waVo pachaVo, uyo waiva mu tiyofani. Uye muna Genesi 2, Vakagadzira munhu kubva muguruva renyika, akanga ari munhu wenyama watinaye zvino. Uye ipapo, muna 3 kwaiva kuwa, uye akadzingwa kubva mubindu reEdheni; uye ndokubva vana vabereka vana. Zvino Kaini akatora mukadzi wake akanogara naye munyika yeNodhi, kunze, nokuti Mwari vakanga vamuparadzana kubva mukuyanana nehama yake pachake (nekuda kwerufu rwa—rwaAbheri). Uye ndiye

waakanga ainaye, hanzvadzi yake chaiyo, ndokumuroora; ndiyo nzira chete yandinogona, pachangu, yandinogona kuona kuti—kuti akarooro sei.

⁶⁰² Zvino, zvakambotaurwa . . . Uye ndinovimba kuti shamwari dzangu dzechitema dziri muno dzicharegerera chirevo ichi, nekuti zvirokwazvo hazvina kunaka zvachose. Nguva yekutanga yandakambosangana nemunhu upi zvake muhupenyu hwangu, mushure mekunge ndatendeuka . . . Ndaive . . . ndakasangana naHama George DeArk nevamwe zasi uko. Zvino ndakafambiswa, zvino Ishe vakanditungamirira kune imwe nzvimbo duku. Zvino vakanga vari kukurukura nezve kwakabva munhu mutema. Zvino vaiedza kutaura kuti munhu mutema . . . Kuti Kaini akarooro mhuka yakaita sechimupanze, uye kuburikidza nemo makabuda rudzi rwechitema. Zvino, handizvo! Zvamazvirokwazvo, handizvo! Uye usambofa wakamiririra izvozvo. Nekuti pakange pasina mutema kana muchena, kana mumwewo akasiyana, rwungori rudzi rwumwe chete rwevanhu kusvikira pamafashama. Zvino shure kwemafashama nesvingo reBhabheri, pavakatanga kupararira, ndipo pavakatora mavara avo nezvimwe zvakadaro. Vese vanobva pamuti mumwe chete. Ndizvozvo chaizvo. Adhamu naEvha ndivo vaive baba naamai, vepanyika, vezvisikwa zvipenyu zvose zvevanhu zvakambovapo panyika. Ndizvozvo chaizvo. Vatema, vachena, vakachenuruka, vebhurauni, veyero, chero ruvara rwaungave uri, zvirokwazvo ndiyo nzvimbo yaunogara mairi, uye nenzira iyo—iyo . . . Zvakangoita . . .

⁶⁰³ Ndinofunga kuti ndinogona kutaura izvi ndichiri pazviri. Vanhu vari pano zvino murusaruraganda uye nemirairo nezvinhu zvavari kuita mitemo, ndinofunga kuti hazvina maturo. Ndinodaro chaizvo. Teererai, ingosiyai vanhu ivavo vakadaro, vanoziva zvavanoda. Mwari vakagadzira munhu ari munhu mutema, uye anofara nazvo. Zvemazvirokwazvo! Dai Mwari vakandiita munhu mutema, ndaizofara nazvo; dai Vakandiita munhu webhurauni, ndaizofara; kana Vakandiita munhu muchena, ndinofara; kana Vakandiita munhu weyero, ndaifara. Mwari vakatigadzira mumavara edu, uye Vakatiita nenzira yaVaitida isu, uye tose tiri vana Vavo. Zvamazvirokwazvo! Uye havafanire kukakavara nekuenderera saizvozvo. Zvakaipa kuita izvozvo. Havafaniri kuzviita. Mwari vakatiita . . . nenzira yatinozvida.

⁶⁰⁴ Uye munhu mutema, haadi kubuda kunze uko otyora chizvarwa chake—chake kana ruvara rwake, orwusanganisa nemuchena nezvimwe zvose zvakadaro. Handimupi mhosva. Handidarwo. Munhu mutema ane zvinhu izvo munhu muchena zvaasina zvachose. Zvemazvirokwazvo! Ndizvozvo chaizvo. Uye Mwari havana kumbobvira vada kuti vave saizvozvo.

⁶⁰⁵ Saka, tarisai. Munhu mutema ari . . . ndiye—ndiye . . . ane—ane hunhu hwake paari hwekuti munhu muchena haatomborina.

Iye anogara achingofara, “anovimba naMwari, uye ongorega zvimwe zvacho zvese zvichienda”; kunyangwe anazvo kana kuti asina, anofara zvakadaro. Ndinoda kuva nezvakawanda zvakadaro, manheru ano, chokwadi ndingada. Saka, anazvo, uye ndiyo pfuma yake; havadi kuzvisanganisa nerumwe rudzi vobva vazvityora, zvakare. Ndizvozvo chaizvo.

⁶⁰⁶ Ndinofunga kuti mudzimai ari zasi uko kuShreveport akaita chimwe chezvirevo chakanakisa—chakanakisa chandati ndakambonzwa muhupenyu hwangu. Akataura chirevo, zvino vakachiisa mubepa. Akafambako, akati, “Mafambiro ari kuita zvinhu izvi muno, murusaruraganda urwu, handidi kuti vana vangu vaende kuchikoro uko kuchikoro chevachena icho.” Akati, “Ivo havazowana rubatsiro rwavangawane dai vaive nemudzidzisi wechitema.” Mukadzi iyeye mukadzi akachenjera. Aiziva zvaaitaura pamusoro pazvo, vanowana dzidzo iri nani. Ndizvozvo chaizvo. Saka ndinofunga kuti vanhu vanoita zvisizvo nekuita izvozvo.

⁶⁰⁷ Uye zvadaro vanoti, “Kaini naAbheri...” nezvimwe zvakadaro. Kwete, changamire! Ruvara rwakanga rwusinei nechekuita nazvo. Mweya uri mukati imomo ndiwo une chekuita nazvo. Ndizvozvo chaizvo.

⁶⁰⁸ Saka Kaini akaziva mukadzi wake, uye akanga iri hanzvadzi yake. Uye ivo... akamutora akaenda naye kunyika yeNodhi, uye kwakazouya marudzi makuru enyika: vezvitendero nevanonamata.

⁶⁰⁹ Zvino chingofunga nhasi, shamwari, chimbomira ufunge kwekanguvana. Kutu kune makumi ezviuru zvakapetwa makumi ezviuru nezviuru zvezviuru, zvevanhu chaivo vanoenda kuchechi, vakangoperera nekuzvitsaurira kuchechi iyoyo zvavanogona kuva, vangori vakarasika zvimwe chete sezvakanga zviru Kaini. Maona? NdiMwari Vanosarudza! NdiMwari Vanosanangura! Maona? Mwari Vanopa tsitsi! Ivhu harigoni kuti kumuumbi, muumbi ndiye ari pamusoro pevhu. Ndizvozvo chaizvo.

⁶¹⁰ Zvino heuno wakanaka kwazvo, unotevera pano:

Muna Petro Wechipiri 2:4—2:4 . . .

⁶¹¹ Mumwe munhu ane Bhaibheri, anoda kuvhura magwaro aya nekukasika chaiko pandinenge ndichiaverenga, kana muchida. Uye itai sekundibatsirawo pano, tichitora mubvunzo uyu.

⁶¹² Zvino, pana Kaini uyu ne—nezvimwe zvakadaro, kana zvisingaugutsi zvino, ingotiita kuti tive nawo. Tichafara . . .

⁶¹³ Zvino Petro Wechipiri 2:4. Zvakanaka, changamire, hezvinoini izvi:

66. Petro Wechipiri 2:4, “Nokuti kana Mwari vane... Nekuti kana Mwari vasina kurega vatumwa vakatadza, asi vakavakandira zasi mugehena,” zvino sei Kristu

akaparidzira kumweya yaiva mutorongo, muna Petro Wekutanga 3:19?

614 Zvino, tina Petro 2:4, kutanga. Zvakanaika:

Nekuti kana Mwari asina kurega vatumwa vakatadza, asi wakavakandira zasi—zasi kugehena, ne—nekuvaisa mumangetani erima, kuti vachengeterwe kutongwa;

615 Zvino, zvino ngationei muna Petro Wokutanga (uyu ndiPetro Wechipiri), Petro Wokutanga 3:19, teererai kune izvi. Hezvinoi izvi, ipo pano. Iyi ichangouya, chikonzero nei ndisina kuzvinyora.

. . . uyo zvakare . . . akaenda akandoparidzira kumweya iri mutirongo;

616 Oo, hongu, hezvinoi izvi. Ngatitangirei kumashure kweipapo zvishoma, ndima 18:

Nokuti naKristuwo . . . akatambudzika kamwe chete pamusoro pezvivi, iye wakarurama nokuda kwavasakarurama, kuti atiise kuna Mwari, akauraiwa hake panyama, asi akararamiswa neMweya:

Naiyewo Akaenda akandoparidzira mweya yakanga iri mutirongo;

Iyo pane imwe nguwa yakanga isina kuteerera, . . .

617 Shamwari yangu inodikanwa, kana ukangoverenga ndima inotevera, uye ipapo Yakazvitsanangura. Maona?

Iyo pane dzimwe nguwa yakanga isina kuteerera, apo moyo murefu waMwari wakamirira pamazuva aNoa, apo areka ichigadzirwa, apo vashoma, kureva kuti, mweya misere yakaponeswa nemvura. (Maona?)

618 Zvino, kana mukacherechedza imo muno, ndinofunga kuti muparidzi uyu ane mumwe uri pa . . . chimwe chinhu chiri kuenderana zvimwe chete, chichapindurwa munguva shoma inotevera.

619 Petro Wokutanga 4 . . . kana kuti 2:4, kana mukacherechedza, “nokuti kana Mwari vasina kurega ngirozi,” *ngirozi* iyoyo inoperengerwa sei? Ndi “n” mudiki. Maona? Zvino, neche pano, “mweya yaiva mutirongo isina kutendeuka pamoyo murefu wemazuva aNoa,” ngirozi dzimwe chete. Vaiva varume: vatumwa, vaparidzi; “havana kurega ngirozi.” Maizviziva here kuti . . . izwi rokuti *ngirozi* rinobva paizwi rokuti “mutumwa”? Vangani vanoziva kuti *ngirozi* “mutumwa”? Zvirokwazvo, ngirozi mutumwa, “zvino haVana kurega ngirozi.” Maona?

620 Uye neche kuno muna VaHebheru, munorangarira kuti takapfuura nemazviri mavhiki mashoma apfuura, “ngirozi”?

621 Uye muna He- . . . muna Zvakazarurwa, “Kumutumwa wechechi yeSadhisi nyora zvinhu izvi. Kumutumwa wechechi yeEfeso nyora zvinhu izvi. Kumutumwa wechechi . . .”

Munorangarira izvozvo here? Zvino takaronda tichidzoka izwi rekuti *ngirozi*, uye kubva muduramazwi, uye tikaona kuti iroro rinoreva kuti “mutumwa.” Anogona kuva “mutumwa ari panyika, mutumwa wepamweya,” izwi rokuti *ngirozi*.

⁶²² Saka muchinhano ichi, kana tikatora duramazwi torironda tichidzokera, muchaona kuti rinotangira pana “vatumwa, vatumwa vokutanga.” Munoono, “Kana...Kana vasina kurega...Nokuti kana Mwari vasina kurega *ngirozi dzakatadza*,” (Maona?) “uye zvisikwa *zvemweya*,” (Maona?) “mushure mekumirira...”

Zvino tarisai, akati:

...kana...asina kurega vatumwa vakatadza, asi akavakandira mugehena, nokuwaisa mumangetani erima, kuti vachengeterwe kutongwa;

⁶²³ Zvino tarisai umo muna Petro Wokutanga pano zvakare, 3:19, tarisai kuti izvi zvinoverengwa sei:

Nekuti naiye wakaenda *akandoparidzira kumweya iri mutirongo;*

Iyo pane imwe nguva *yakanga isina kuteerera*, apo *moyo murefu waMwari wakamirira pamazuva aNoa...* (munoono, vaiva vatumwa vezuva iroro, vatumwa)... apo *areka* ichiri kugadzirwa, apo... kureva kuti, mweya misere yakaponeswa *nemvura*.

⁶²⁴ Zvino kana mukacherechedza apo zvisikwa izvi zvaive Kudenga. Zvino, uko muna Zvakazarurwa 11...kana kuti chitsauko 7, ndinotenda...kana kwete, kwete, chitsauko 12. Anopa mufananidzo wemukadzi akamira; mwedzi uri pamusoro wake nezva...kana kuti, zuva riri pamusoro wake nemwedzi pasi petsoka dzake. Zvino shato tsvuku yakamira kuti idye Mwana Achingobva kuzvarwa, ndokutora muswe wayo ndokukweva chikamu chimwe kubva muzvitanu chenyeredzi dzeKudenga ndokudzikandira panyika. Mazvicherechedza here? Zvino, izvozvo hazvireve kuti Satani ane muswe mu—murefu waakakochechera pavanhu, asi “ngano *yaakataura*,” ndokukweva chikamu chimwe kubva muzvitanu chenyeredzi idzozo. Nyeredzi idzodzo dzakanga dziri mbeu yaAbrahama.

⁶²⁵ Abrahama akati, “Oo...”

⁶²⁶ Mwari vakaudza Abrahama, “Tarisa kumusoro kumatenga, uye uverenge nyeredzi kana uchikwanisa.”

⁶²⁷ Akati, “Handikwanise kuzviita.”

⁶²⁸ Akati, “Naizvozvowo haungagoni kuverenga mbeu yako,” nyeredzi.

⁶²⁹ Ndiani Nyamatsatsi Inopenya yeMangwanani? Jesu weNazareta, akajekesa wacho ati amborarama munyama yemunhu. Ndiye Nyamatsatsi Inopenya yeMangwanani. Uye ndiye Mbeu yaAbrahama, inouya kubudikidza naIsaka. Uye isu,

takafa muna Kristu, tinitora Mbeu yaAbrahama uye tiri vadyi venhaka maererano nevimbiso.

⁶³⁰ Saka nyeredzi dzekudenga dzaimiririra mweya yevanhu iri pano. Zvino apo shato tsvuku (Roma, pasi pekutambudza kwayo) yakambundira zvikamu zviviri kubva muzvitatu zve... kana kuti chikamu chimwe kubva muzvitatu chenyeredzi, ndokudzikandira pasi, paive pakurovererwa kwaIshe wedu Jesu pamuchinjikwa pavakaMuramba uye Akave... ndokuMubuditsa kunze uye vakasava nechokuita naYe; hapo paive nechikamu ichocho chetatu chenyeredzi dzengirozi, zvisikwa zvengirozi.

⁶³¹ Munoono, mumuviri mako, mukati mako... (tine mumwe mubvunzo pane izvozvo, wakananga, kuti tiupindure zviri nani). Saka apo... Mukati mako mune mweya, mumwe munhu. Kunze kwako kune munhu mumwe chete, mukati mako mune mumwewo munhu. Saka mukati mako mune chemweya, kunze kwako kune chenyama. Maona? Uye munhu uyu, kana uchitungamirirwa neMweya, naMwari, unova mutumwa waMwari, kana ngirozi. *Mutumwa* waMwari, *ngirozi* yaMwari, iroo izwi rimwe chete; haugoni kuripatsanura: mutumwa waMwari, kana kuti, ngirozi yaMwari.

⁶³² Uye ndeupi ane simba gursa? Ngirozi inobva Kudenga kana ngirozi iri papurupiti? Ndeipi inaro? Ngirozi iri papurupiti! Pauro akati, “Kana Ngirozi inobva Kudenga ikauya uye ikaparidza chero rimwe vhangeri kwamuri kunze kwerino randakatoparidza kare, ngaave wakatukwa.” Saka ngirozi yakazodzwa neMweya Mutsvene uye neShoko inomira pedyo naMwari. Ndizvozvo. Kudenga, simba rake... .

⁶³³ “Masimba ese ari Kudenga nepanyika akapiwa muruoko rwaNgu. Enda, uye Ndichaenda newe. Chose chauchasunga panyika, Ndichachisungura Kudenga. Chaunosungura panyika, Ndichachisunungura Kudenga.”

⁶³⁴ Oo, kana Chechi tsvene huru yangocherechedza simba rayo rekuita zvinhu izvi. Asi pane kupokana kwakanyanya nekutya nekudedera, kusaziva kana zvichadaro, “Zvingaitika here?” Chero bedzi izvozvo zviripo, Chechi haimbogoni kumira yakatwasuka. Uye kana kutaura kwese kwekutya kwapera uye Mweya Mutsvene wanyatsitora hutongi muChechi, zvino kutya kwese kwapera, uye Chechi iyoyo yava nesimba. Maona? Handiti, vane zvinhu zvose zviru zveDenga shure kwavo. Ndivo vamiririri veChigaro chehushe. Zvemazvirokwazvo! Mumiririri waKristu ndiye ane hutongi, uye zvinhu zvose zvaKristu ndezve mumiririri iyeye. Uye akati, “Endai munyika yose, muri zvapupu zvaNgu mushure mekunge Mweya Mutsvene wauya pamuri.” Zvino chapupu chii? Mumiririri; anouya kuzopupurira chimwe chinhu. Masimba ose eKudenga ari mumaoko ako chaimo! Oo, sei isu takagara? Uye chechi isingabereki, uye tonge takangogara. Imhaka yekuti haticherechedze zvinhu izvi.

⁶³⁵ Zvino, mweya yakanga iri mutirongo (isina kutendeuka), yakanga isiri Ngirozi dzaiva—dzaiva dzakadzikiswa pasi dziri muchimiro cheNgirozi, asi yakanga iri mweya yevatumwa vava vakawa nyika isati yavambwa, kumashure uko hondo payakaitika Kudenga. Uye Satani ne—neshto vakarwa, uye zvakare...kana kuti Mikaeri ne—nesha—shato vakarwa (naRusiferi). Zvino Rusiferi akakandwa kunze nevana vake vose (ngirozi dzose dzaakanga anyengera), zvino ngirozi idzodzo dzakauya panyika dzikaiswa pasi zvino pokuti dzizove vanhu. Uye padzakazviita, ndipo apo “vanakomana vaMwari vakaona vakunda vevanhu kuti vaive vakanaka, zvino vakazvitorera kwavari madzimai.”

⁶³⁶ Vanakomana vaMwari. Munhu wese anozvarwa munyika ino mwanakomana waMwari. Zvisinei nokuti mutadzi here kana zvaari, mwanakomana waMwari. Akasikwa mumufananidzo waMwari kuitira rumbidzo dzaMwari, akasikwa nenzira iyoyo. Asi Mwari pakutanga vaiziva kuti ndiani aizoVagamuchira uye kuti ndiani aisazoVagamuchira. Naizvozvo Vaigona kufanotemera, kana, kurega kufanotemera, asi nokufanotemera Vaikwanisa kuziva kuti ndiani aizoponeswa uye kuti ndiani aizoponeswa, nokuti Vaiziva kuti ndiani aizatora mweya upi.

⁶³⁷ Uye mweya iyoyo inobva paChigaro cheushe chaMwari, uye inomira pamberi peChigaro cheushe chaMwari, uye ikararama...uye mabhiriyoni nemabhiriyoni nenguva dzisingaverengeki nyika isati yambovambwa, muHupo hwaMwari, munofunga kuti haizivi chimwe chinhu nezvekunamata here? Zvino yakadzika pasi uye ndokupinda muvanhu chaimo, zvino ndokunamata Mwari! Zvirokwazvo, inonamata Mwari; uye ine ruzivo rwaMwari, uye yakangwara, uye ine huchenjeri, uye yakadzidza, nguva dzose. Asi Mwari vakairamba kubva pakutanga!

⁶³⁸ Saka naizvozvo, shamwari, kuve nhengo yechechi, kana—kana ruzivo rweimwe dzidzo yebhaibheri kana chimwe chinhu, hazvinei nechinhu chimwe chokuita naZvo. Rinofanira kuva Ropa raJesu Kristu uye nekuberekwa patsva kunokubatanidza kwaAri semunhu mumwe chete. Hezvoka izvo.

⁶³⁹ Mwari, pakutanga paVakazviziva...Varume nevakadzi vakaitwa vamwe, kwete vaviri, vakaitwa vamwe. Vakapatsanurwa, mumwe akaiswa munyama uye mumwe mutiyofani. Vaizviziva izvozvo. Saka kuti ndizviratidze izvozvo kwamuri: Mwari pavakagadzira mukadzi, haVana kumbatora rimwe guruva nekumugadzira sezvaVakaita murume; Vakatora mbabvu kubva padivi raAdhamu, uye akabva ava icho chakagadzirwa kubva pamurume (nokuti iye chikamu chemurume). MaZvibata zvino? Maona? Hezvoka izvo.

⁶⁴⁰ Kune ngirozi. Zvino Mwari nemweya wakabatanidzwa naMwari Mweya mumwe chete. Ndizvozvo. Zvino, Mweya waMwari unogara muChechi, ndiwo Mweya wakabva Kudenga,

uyo Mwari vakaziva nyika isati yavambwa, wakaramba nhema dzadhiyabhore. Zvino mweya iwoyo waifanira kutora mutumbi wenyama kuti uve...kutora miedzo yawo. Iye akatozouya munyama sezvakaita vamwe ava, uye vose vakapfeka joko rakaenzana. Uye Mwari, pamavambo, vaiziva mweya yaizodaro, neyaisazodaro. Hezvoka izvo. Dhiyabhore iyeye akachenjera kwazvo zvokuti aizonyengera vasanangurwa chaivo, kana zvichibvira.

⁶⁴¹ Saka mweya iyi, ngirozi idzi dzakaparidza, dzaive mutirongo; *ngirozi*, kana mukacherechedza pano, ndi “n” mudiki zvinoreva “munhu”; ngirozi, vatumwa pano panyika. Dzakatadza, uye nzira chete yadzaigona kutadza kwaiva kusatenda! Uye nzira...Vaiva nezvitendero zvavo pachavo, uye havana kutenda mharidzo yaNoa. Havana kutenda mharidzo yaEnoki. Uye wakaramba Mharidzo yavo, “uye vakapomerwa mhosva,” Bhaibheri rakati vakadaro.

⁶⁴² Enoki akaporofita kwavari, akati, “Ishe vari kuuya nezviuru gumi zvevatsvene vaVo.”

⁶⁴³ Zvino vakaporofita. Zvino Noa akavaka areka, zvino vakati, “Iye muumburuki mutsvene! Mupengereki! Hakuna chinhu chakadaro chinonzi mvura inonaya iri kuuya.” Zvino makore zana nemakumi maviri akaenderera mberi, uye aive nechinamato chaive neruponeso machiri, pakanga paine nzira yokupukunyuka nayo yakagadzirwa, asi vakanga vakagutsikana muchinhano chavo.

⁶⁴⁴ Ndizvo zvazviri nhasi, kuti vanhu vanogutsikana nechinhano chavo. Asi pane nzira yokupukunyuka nayo, uye nzira iyoyo iri kubudikidza naJesu Kristu. Amen. Hezvoka izvo: rudzi rumwe chete, mweya mimwe chete.

⁶⁴⁵ Uye zvirokwazvo vakanga vari vanhu vainamata, vainamata zvikuru, asi vakapotsa mhiko yesungano.

⁶⁴⁶ Ndizvo zvazviriwo nhasi. Munhu anoenda kucheche, uye ojoinha machechi makuru, uye oedza kuva munhu akanyanyisa kukurumbira muguta. Kana vachida kujoinha chechi, vanowana hurusa muguta, yakanakisa uye inofungwa zvakanaka nezvayo muguta. Vanopotsa kudanwa nekure kwazvo! VanoZvipotsa nekure kwazvo!

⁶⁴⁷ Nzira chete yauchazoziva nayo Jesu Kristu ndeye chizaruro chemweya, kwete nedzidziso yebhaibheri uye nokuti unodzidza Bhaibheri zvakadii. Ungave uri Christian Science, Methodist, Jehovah Witness, kana chero zvauri; zvisinei kuti uri chii, haufe wakaZviziva neShoko, Mweya waMwari unoMuzarura kwauri. Chizaruro chemweya!

⁶⁴⁸ Apo Adhamu, mubindu reEdheni, naEvha, vana vaya pavakadzingwa, hepano Kaini ndokuuya nedzidzo yebhaibheri yakanaka. Akati, “Mwari vanofanira kuziva kuti tiri kuita izvi kubva pane zvakanakisisa—zvakanakisisa zvemoyo

wangu. Ndichavaka artari yakanaka, ndichaisa maruva pairi, ndichaisa michero pairi, ndichaishongedza zvakanaka. Chokwadi ndinogona kudzora hasha dzaMwari neizvi uye ndoVaita kuti vazive kuti ndakaperera mumwoyo mangu.” Zvaaita zvaive izvo maererano nekufamba kweShoko; Mwari vaida kunamatwa, akaenda kunonamata. Akagadzira nzvimbo yakanaka yekunamatiramo, zichechi guru, rakanaka (sezvavanoidaidza nhasi). Zvino akaigadzira zvakanaka, akaivaka zvakanaka akaisa artari mairi; akanga asiri munhu asingatendi.

649 Asi Abheri, paShoko raMwari . . . Pakanga pasina Bhaibheri rakanyorwa ipapo, asi Mwari *vakazarura* kwaari kuti wakanga usiri muchero wakatibuditsa mubindu reEdheni, akanga asiri maapuro akadyiwa naAdhamu naEvha, zvirokwasvo zvaiva zvinhu zvekusangana pabonde zvakanga zvavaparadzanisa nokuvapatsanura. Uye nekuziva kuti vave vanofa, uye kuburikidza neropa raAdhamu, uye kubudikidza neropa renyoka rakanga ratanga izvi, Abheri, nechizaruro chaMwari, akaenda akanotora gwayana akaripirisa. Zvino Mwari vakati, “NdiZvo!” Chokwadi.

650 Pavakaburuka kubva paGomo reKushandurwa, Jesu akati, “Vanhu vanoti Ini Mwanakomana wemunhu ndini ani?”

651 “Vamwe vanoti ndiMi ‘Mosesi,’ uye vamwe vanoti ndiMi ‘Eria,’ uye vamwe vanoti ndiMi ‘Jeremia,’ uye vamwe vanoti ndiMi ‘Muporofita uya.’”

652 Iye akati, “Asi imi munoti ndiNi Ani?”

653 Petro akati, “Ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari Mupenyu.”

654 Akati, “Wakaropafadzwa iwe, Simoni mwanakomana waJona, nekuti nyama neropa hazvina kukuzarurira izvi.” (Tarisai!) “Kwete zvakare kubudikidza netsamba, kwete zvakare kubudikidza nechikoro; hauna kumbozvidzidza museminari, kana mumwe munhu kumbokuudza. Nyama neropa hazvina kuzarura izvi kwaari, asi Baba vaNgu vari Kudenga vazvizarura kwaari. Uye pamusoro pedombo iri Ndichavakira Chechi yaNgu, uye masuwo egehena haangakunde.” Hezvoka izvo. Heyo Chechi yaMwari mupenyu. Ndizvozo. Pamusoro pechechi iyoyo . . . Pamusoro pechizaruro ichocho, Chechi iyi yakavakwa. Chizaruro chaMwari icho Mwari vakazarura, kuti Jesu Kristu ndiye Mwanakomana waMwari, uye wakaMugamuchira seMuponesi wako pachako, wakabva murufu ukapinda muHupenyu.

655 Uye Mweya Mutsvene uri kufamba nekushanda munhengo dzeMutumbi uyu. Heyo Chechi! Hazvina mhosva kuti ine urombo, uye iri mumisheni, uye unomira pasi pomuti womupaini pane imwe nzvimbo, kana chero kupi zvako kwairi, kana muri mumba memumwe munhu mumusangano wevakasanangurwa,

zvisinei nekuti ungava kupi. Runako uye nezvinhu hazvibate Mwari. Kuperera kwemoyo kubudikidza nechizaruro chekuti Jesu Kristu akaratidzwa seMwanakomana waMwari, Muponesi wedu pachedu. Amen!

⁶⁵⁶ Ini zvangu, isu...iyi, hatingamboibata, tichipfuura saizvozvo, tingadaro?

⁶⁵⁷ Havo avo vaka...neche uko kwaAkaenda; ngirozi: vatumwa, vaparidzi ivavo, ivo vananyanjere, vatumwa vava vasina kutenda Noa paakaenda kunoparidza kwavari uye akavaudza kuti, “Nhai, huyai muareka ino.”

⁶⁵⁸ Vakati, “Teererai kumuumburuki mutsvene uyu. Teererai kumupengereki uyo. Handiti, hakuna mvura inonaya. Ndiani akambonzwa chinhu chakadaro? Nhai, ini zvangu, hatina machechi here? Hatisi vanamati here?” Handiti, vainamata!

⁶⁵⁹ Jesu akati chaizova chizvarwa chakangobva kupfuura, chaiva chizvarwa chiya chaizodzokorora zvakare Kuuya kwaKe kwave kusvika, “Sezvazvakanga zviri mumazuva aNoa, ndizvo zvazvichaita pakuyya kwoMwanakomana womunhu. Nokuti vaidya, vachinwa, vachiwanana, nokuwaniswa.” Vaiva neReno, Nevada kareko, pane imwe nzvimbo. Vaiva nemhando dzose dzeupenzi dzavainadzo nhasi; kuungana, nokutamba, nokuita jee, vaseki nezvimwe zvakadaro; vaine mufananidzo wehumwari, asi vachiramba Chokwadi chaicho: sungano, Mharidzo yenyasha. Mwari vachigadzira nzira yaVo, nekupa vanhu sungano yaVo—yaVo, kuti vaizopunyuka sei; Yaiva neruponeso mairi, ruponeso rwaiva nzvimbo yekutizira.

⁶⁶⁰ “Chii chatinoda neruponeso?” Nhasi vanhu vanoti, “Hatisi kurama here pasi pehurumende yakanaka yegutsaruzhinji? Chii chatinoda?”

⁶⁶¹ Handina basa nemhando yehurumende yegutsaruzhinji yatinorarama mairi, tinoda Ropa raJesu Kristu. Ndizvozvo! Tinoda Kristu. Ndinoyemura mhando yehurumende yegutsaruzhinji; izvozvo hazvinei, nechokuita neruponeso rwemweya. Zvemazvirokwazvo! Hurumende idzodzo dzichapfuura, uye nyika dzose dzichapfuura. Uye ndakamira pane...apo pakamira vanafarao, zvino unofanira kuchera mafiti makumi maviri pasi pevhu kuti uwane zvigaro zvavo zvehushu pavaigara. Vanafarao vose nohumambo hwake hwepanyika pano, nezvose zvayo zvose zvinokanganisika zvichakundika uye zvobva zvaenda, asi Jehovha vachatonga nokusingaperi, nokuti ndiMwari vasingafi. Takamira zvakasimba paDombo Kristu Jesu, nokuti pamwe pasi pose ijecha rinonyudza.

⁶⁶² Handina basa kana zviri...humambo huchasimuka nekukundika, asi oo, hapana chinhu...handina basa kana zviri... chero chinhu; hapana chinhu chiripo, hapana chichauya, hapana (nzara kana njodzi kana chero chinhu) chingagona

zvachose kutipatsanura kubva kurudo rwaMwari rwuri muna Kristu. Kana munhu azvarwa neMweya waMwari, ava chisikwa chisisiri chenguva, asi ava chisikwa chemuna Ziendanakuenda. Ameni. Abva murufu achipinda muHupenyu. Abva pane... Apfuura nemuchikamu chenguva, kupinda muZiendanakuenda. Haambofi akaparara! Uye Mwari vakapika kuti Vachamumutsa mumazuva okupedzisira.

⁶⁶³ Saka vanogona kuve nemachechi enyu makuru, nenguva dzenyu dzose huru, uye nezvese zvamunoshuvira, nekutaura nyambo dzenyu dzine tsvina uye nekuve nemitambo yenyu yeBunco, uye nesvuvuro dzemuto nezvimwe zvese zvamungada; uye nekuva nemumwe muparidzi akadzidza zamire ipapo. Pamwe anogona kuita basa riri nani pazviri kupfuura vamwe vevakomana vadiki ava vasingatombosiva maABC avo. Asi ndiri kukuudzai chokwadi, ndingasva ndava nemukomana asingazive maABC ake achindiparidzira (anoziva Kristu) kupfuura vadzidzi vakuru vese vebhaibheri varipo nedzidzo dzavo dzose dzingafungwa nezvadzo. Zvemazvirokwazvo!

⁶⁶⁴ Zasi kuno kuKentucky, kasiri kare, mumwe mukomana mudiki wekare akanga asingagoni kana kuverenga zita rake, akati Ishe vakamudana kuti aparidze uye aida imba yepachikoro. Nhai, vakuru venzvimbo havana kumubvumira kuti aiwane. Mumwe muparidzi mukuru-kuru akauya neipapo aine zita rake rakakura kwazvo *kudai*, mumwe chiremba mukuru wedzidziso yebhaibheri, saka, vakamutendera kuti awane chikoro. Chokwadi. Akaita rumutsiriro rwemavhiki maviri, hapana kana mweya mumwe zvawo. Zvino baba vake vakadzokera, vakati, “Zvino musiyei achiwane, ndinobhadhara mutero, ndine kodzero yekuti mukomana wangu achiwane. Uye mukomana wangu anofanira kuchiwanawo zvakare.”

⁶⁶⁵ Saka akadzokera kunoona, nekuvabunza, ivo vakati, “Zvakanaka, tichamubvumira kuti achiwane kwehusiku hungaita huviri.” Zvino vakapfuurira mberi uye vakamutendera kuti achiwane kwehusiku huviri.

⁶⁶⁶ Zvino husiku ihwohwo mukomana mudiki wakare uya akakwira ikoko uye aisagona kana kuverenga Bhaibheri, akaita kuti mumwe munhu averenge paizobva chidzidzo chake. Asi paakafamba achienda papuratifomu, akange akazodzwa neMweya Mutsvene. Zvino paakaparidza, vanenge makumi maviri vakauya kuartari; zvino uya aizviita muparidzi wepamusoro akachema achienda kuKarivhari, paartari.

⁶⁶⁷ Chokwadi, hama, hazvisi—hazvisi zvaunoziva, ndeUyo waunoziva. Ndiyo pfungwa yacho, ndizvo zvazvinotora, zvinotora kuziva Kristu. KuMuziva, ndihwo Hupenyu; kuMuramba, rufu.

⁶⁶⁸ Nekukurumidza kune mimwe mibvunzo yedu, mibvunzo zvino inodzika zasi kuGeorgia:

67. Ko matombo muna...anomirirei muna Zvakazarurwa 21:19 na20?

669 Kana muchida kutora nguva yekuvhura maBhaibheri enyu, apo tichisina nguva yakawandisa zvino, asi ndichaedza kuipindura nekukurumidza. Zvakazarurwa makumi maviri-... Ndinotenda kuti ndi 21:19 ne 20. Hongu.

670 Zvakanaka, imomo muchaona kuti aitura nezve matombo aive muchivakwa. Uye matombo aya akanga ari nheyo. Kana mukacherechedza...Ndinotenda kuti munapo ipapo, Hama Neville. Uye dombo rimwe nerimwe raiva nheyo. Kwete dombo rimwe nheyo, uye mamwe... Asi dombo rimwe nerimwe raiva nheyo. Dombo rimwe nerimwe raiva nheyo yakasimba. Uye pakanga paine matombo gumi namaviri. Uye kana mukacherechedza matombo gumi nemaviri iwayo, anopa rimwe nerimwe...Kutanga tichitanga nejaspisi, nesadhio, nemamwe akadaro, achimirira dombo rimwe nerimwe.

671 Mubhaibheri imomo munoona kuti ainzi mamwe matombo. Mamwe acho ane mutsauko mudiki, hamuna kumbozvanzwa. Kana ukatarisa muduramazwi unoona kuti idombo rimwe chete, zita rakangosiya; rakashanduka.

672 Asi rinotanga ne—nejaspisi. Jaspisi rakanga riri dombo ra—raBhenjamini, kana, dombo ra...oo, mwanakomana wekutanga, Rubheni. Dombo rokutanga rakanga riri Rubheni, raiva jaspisi. Dombo rokupedzisira rakanga riri Bhenjamini, dombo rokupedzisira pamusoro.

673 Zvino, matombo gumi nemaviri aya painge pakaiswa nheyo, matombo gumi namaviri iwayo—iwayo akaturikwa pahombodo yechipfuva yaAroni. Uye iwo—iwo aimirira, akanga ari muprisita mukuru wemarudzi aya—aya. Rimwe nerimwe redombo ravo rekuzvarwa riri imomo, mune hombodo iyi—iyi. Zvino vanhu pavakaona hombodo iyi, vakacherechedza kuti Aroni aive muprisita mukuru werudzi rwose irworwo, pavakaona dombo rekuzvarwa muhombodo iyi.

674 Zvino, patawana izvi mangwanani ano mumharidzo yaHama Neville. Uye nenguva zhinji vakauya neUrimi neTumimi. Munoona ichitaurwa muBhaibheri senzira yavaiziva nayo kuti shoko ravo raiva Chokwadi here kana kuti kwete. Matombo iwayo, paaizotaura zvataurwa nemunhu wacho, muporofita akaporofita, zvino matombo iwayo aipenya pamwe chete. Akagadzira kubatana kwezviedza zvakatora safiri, nejaspisi, nekabunakeri, nemamwe matombo ose achiratidza chiedza chawo, akagadzira ruvara rumwe rukuru rwakanaka rwomuraraungu rwakabatanidza chinhu chacho chose pamwe chete.

675 Zvino, zvino, nhasi, apo Urimi neTumimi iya payakabviswa pamwe nehuprisita ihwohwo, zvino Bhaibheri iri ndiro Urimi neTumimi yaMwari nhasi. Uye kana muparidzi akaparidza,

misoro *minomwe nameso manomwe*, anova *Mweya minomwe*. . . *yakatumwa* kubva . . . *kunyika*.

681 Ndinoda kuti mubate mubvunzo iwoyo, uye ndikasaubata zasi kuno mushure meminiti, ndinoda kuti mudzose zvakare, ndinoda kushanda nazvo, “Mweya minomwe yemaziso manomwe aive paGwayana.” Oo, chinhu chakanaka chaizvo. (Saka, tinoda kuwana mubvunzo wehama iyi zvino.) Zvakanaka, musakanganwa izvozvo zvino.

Zvino rikauya rikatora bhuku kubva *muruko rwerudyi rwaiye akange agere pachigaro cheushe*.

Zvino rakati raritora, zvisikwa zvina nevakuru makumi maviri nevana vakawira pasi pamberi pegwayana, . . . mumwe nomumwe wavo aine rudimbwa, . . .

682 Zvino, ndizvo zvisikwa zvi—zvina—zvina pano, kana mukacherechedza. Zvino ngatiendei mberi tiverenge mberi zvishoma:

. . . *rudimbwa rwendarama, . . . izere nendiro nezvinonhuwira, . . . neminyengetero yavatsvene*.

Zvino vakaimba rwiyo rutsva, . . . Ndimi makafanira . . . (uye vakapfuurira mberi vakaita kwavo . . . kunamata kwavo kwose kuna Jehovha)

683 Zvino, zvisikwa zvina izvi zvemuna Zvakazarurwa, kana mukazvicherechedza, nzvimbo dzose. . . (Imi vaverengi veBhaibheri, uye neizvo munhu wacho achateerera kutepi ino yakarekodhwa). Zvisikwa zvina izvozvo, zvakanga zvine zviso zvina: chimwe chakanga chine chiso chakaita somunhu, chimwe chacho chine chiso chakaita senzombe, uye chimwe chiso chakanga chakaita sechapungu, uye chimwe chiso chakanga chakaita seshumba. Uye hazvina kumbobvira zvadzokera kumashure, zvaisagona kudzokera kumashure.

684 Vangani vanorangarira bhuku rekare reZvakazarurwa pava kazvidzidzisa makore akapfuura, paya pandakatora makore anenge maviri pano paBhuku reZvakazarurwa? Vazhinji venguva yekare vanodaro.

685 Tarirai, zvakanga zvisingagoni kudzokera shure, nokuti divi rose razvaifamba naro kwaiva kuenda mberi. Kana zvaienda nenzira *iyi*, zvaienda somunhu; kana zvaienda nenzira *iyi*, zvaienda seshumba; zvikaenda nenzira *iyi*, zvaienda sechapungu; kana zvikaenda nenzira *iyi*, zvaienda senzombe. Munoono, zvaisakwanisa kudzokera kumashure, zvaienda mberi nguva dzose.

686 Zvino zvisikwa zvina izvozvo. Zvino kuti ndikurumidze kuwana uyu, nekuti handidi kugara nguva yakarebesa pane uyu. Asi zvisikwa zvina. . . *Chisikwa*, muBhaibheri, chinomiririra “simba.” Uye unocherechedza kuti zvisikwa izvi zvakanga

zvisiri kunze uko mudziva guru kana mugungwa pane imwe nzvimbo zvichikwira, asi zvakanga zviru paChigaro chaMwari, uye zvakanga zvichinamata Mwari. Zvisikwa zvina izvozvo zvinoreva masimba mana akabuda panyika, uye masimba mana iwayo aive Evhangeri ina: Mateo, Marko, Ruka, naJohane; imwe haipikisane neimwe.

⁶⁸⁷ Uye imwe yadzo, iyo . . . Apo Evhangeri ichibuda seshumba, ine hashu, ine hushingi; Evhangeri yakashinga seshumba, uye ndimambo seshumba. Kana ikaenda yakananga kune chiso chemunhu, inonyengera uye ine huchenjeri semunhu. Kana ikaenda sechapungu, ine mapapiro anomhanya kwazvo uye nenzvimbo dzekumusoro-soro. Iyo . . . Munoono zvandiri kureva? Kana ikaenda senzombe, ibhiza rebasa rinogona kudhonza, nzombe yebasa inodhonza mu—mu—mutoro weEvhangeri. Zvisikwa zvina zvakanga zviru masimba mana, akanga ari: Mateo, Marko, Ruka, naJohane; Evhangeri ina dzinorira muHupo hwaMwari. Ndizvo zvakanga . . .

⁶⁸⁸ Kana macherechedza, zvaive nemaziso kumberi nekumashure. Izvo—izvo . . . Kwese kwachaienda, chairatidza chadzera. Zvaiona kwese kwazvaienda. Uye ndiro simba reEvhangeri painobuda, inogona . . . Ine hungwaru hwemunhu; ine kukurumidza kwechapungu; ine si—si—si—simba, simba rokudhonza, mutakuri wemitoro senzombe; ine ku—kusatya uye nehushingi hweshumba. Munoono, iEvhangeri ina, dzinova masimba mana emuna Zvakazarurwa, chitsauko 4.

Zvakanaka, zvino unotevera:

69. Ndivanaani vakuru makumi maviri nevana? Zvakanaka, ndinotenda kuti zvichange zviru pa—pa . . . Ndivanaani vakuru makumi maviri nevana?

⁶⁸⁹ Zvino izvozvo zvinongori nyore, tinogona kusvika kwazviru. Vakuru makumi maviri nevana vakanga vagere pamberi peChigaro chehushe. Zviru mune . . . Ndinotenda kuti zviru mundima 4, ndimo mazvinowanikwa. “Zvino kwakabuda mumwe . . .” Ndinofanira ku . . . Ngationei, ndine . . . 4:10.

⁶⁹⁰ Zvakanaka, Zvakazarurwa, chitsauko 4, uye ndima 10. Ndizvozvo. Tichasvika kwazviru.

Zvino vakuru makumi maviri nevana vakawira pasi pamberi paiye wakange agere pachigaro cheushe, vakanamata iye unorarama nokusingaperi-peri, uye vakakandira korona dzavo pamberi pechigaro choushe vachiti,

Makafanira, O Ishe, kugamuchira kubwinya nokukudzwa nesimba: nokuti ndimi makasika zvinhu zvose, uye nokuda kwekufadzwa kwenyu zvakavapo uye zvikasikwa.

⁶⁹¹ Zvino vakuru makumi maviri navana. Mukuru mutariri. Zvino cherechedzai, vaive madzitateguru gumi nevaviri nevaapostora gumi nevaviri. Zvino vakanga vagere, gumi navaviri kune divi rimwe uye gumi navaviri kune rimwe. Paive nevakuru makumi maviri nevana, vaive madzitateguru gumi nevaviri kune rimwe divi, Testamende Yekare; vaapostora gumi nevaviri kune rimwe divi, reTestamende Itsva. Jesu haana kuti here, “Muchagara pazvigaro zvoushe gumi nezviviri, muchitunga marudzi gumi namaviri eIsraeri”?

⁶⁹² Zvino, nheyo. Tarisai, mutori nemuti imomo. Uye muti kumativi maviri unobereka mhando gumi nembiri dzemichero. Uye inobereka michero yayo kamwe chete pamwedzi, inova mwedzi gumi nemiviri pagore. Inoita mhando gumi nembiri dzemichero gore rimwe nerimwe parinofamba. *Gumi nembiri*, inhamba “yekunamata”, munoono. Uye kune makumi maviri nevana, vanozove makumi maviri nevana, vaapostora gumi nevaviri nemadzitateguru gumi nevaviri. Vagere paChigaro chehushe.

⁶⁹³ Zvakanaka, zvino ndima 4, kana kuti, mubvunzo wechina:

70. Ko shinda tsvuku muna Genesi 38 yaimiririrei?

⁶⁹⁴ Shinda tsvuku, kana mukacherechedza, aiva Judha. Uye akanga aine vanakomana, zvino mumwe wevanakomana vake akarooro mukadzi muKenani. Uye mukadzi uyu muKenani akanga asina kana vana, zvino mwanakomana wake akafa. Zvino, mutemo kareko kwaiva kutora...mwanakomana anotevera aifanira kutora mudzimai wemukoma, omutsa mbeu kumufi. Zvino mumwe murume wacho haana kubatirana nazvo pamwe nokuita zvaifanira kuti aite, zvino Jehovha vakamuuraya. Zvino akange aine mwanakomana mudiki mumwe; saka Judha akati, “Mirira kusvika mwanakomana uyu atyaira...akura kusvikira panzvimbo yaungazoorwa naye.”

⁶⁹⁵ Uye paakakura kusvika panzvimbo yaaifanira kuroora aimbova mudzimai wevakoma vake vaviri, saka, aifanira kumutora ipapo, kuti amutse mbeu kuhama dzake dzakambenge...dzakange dzafa kumashure kwake. Judha haana kupa mukadzi (mukadzi muKenani) mwanakomana, mukomana wacho, uye akangomurega achipfuurira mberi. Saka akaona kuti ari kuita zvisizvo, saka ndokubva abuda ndokumonera chifukidzo pachiso chake, ndokugara panzvimbo yeparuzhinji sekugara kunoita chipfeve.

⁶⁹⁶ Judha ndokupfuura nepo ndokutora mukadzi wacho semukadzi wake, zvino aiva chipfeve, ndokurarama naye. Uye akati, mudzimai akati, “Saka, mubhadharoi waungabvumirane neni?” Zvino iye...mudzimai akati...

⁶⁹⁷ Akati, “Ndinomupa mbu—mbudzana.” Akati, “Saka, ndipe chiratidzo chekuti uchazviita.” Saka mudzimai akatora

tsvimbo yake nemhete yake yemumunwe nezvimwe zvakadaro, ndokuzvichengeta.

⁶⁹⁸ Zvino pavakauza mbudzana, havana kuwana chipfeve, nokuti akanga asiri chipfeve.

⁶⁹⁹ Mushure mechinguva, akange oratidzika kuti aizova amai. Zvino paakaratidza kuti aizova amai, vakauya vakaudza Judha kuti, “Muroora wako akaita hupfeve.” Akati, “Nokuti iye—iye ava kutozova mai, uye vanakomana vako vaviri vakafa.”

⁷⁰⁰ Akati, “Saka, achadanwa kuno, zvino momupisa.”

⁷⁰¹ Zvino zvadaro akatuma shoko kuna Judha, uye akati, “Murume akaita izvi, aiva muridzi wetsvimbo iyi nemhete iyi.” Zvakanaka, ndivo vaiva tezvara vake.

⁷⁰² Zvino akati, “Akarurama kupfuura zvandiri.”

⁷⁰³ Zvino, paakaziva kuti vana vake vaive voda kuzosunungukwa, vakanga vari mapatya. Uye apo mupatya. . . Mwana wekutanga aizozvarwa, tsika yechiJudha yekare, mwana wekutanga ane hudangwe, mwana wekutanga kuzvarwa. Uye iyeye, rangarirai, aive mwana wake wekutanga. Hapana pavakomana vose akanga amboita vana naye. Akanga asati amboita mwana kusvika panguva iyi.

⁷⁰⁴ Zvino pakabuda mwana wake wekutanga, rwaingova ruoko. Zvino nyamukuta akaisa shinda tsvuku parwuri, nekuti shinda tsvuku yakanga ichireva rudzikinuro kuti mwanakomana wekutanga wemhandara Maria aizova. . . ova neshinda tsvuku yerudzikinuro.

⁷⁰⁵ Zvino paakadzosa ruoko rwake mukati, mumwe wacho ndokuuya pekutanga. Uye paakadaro, akati, “Sei maita izvi? Mumwe wacho ane hudangwe.”

⁷⁰⁶ Saka ndizvo zvinoreva Genesi 38, munooni. Kuti mwana wekutanga akaramba aripo kusvikira pakuyi kwaIshe Jesu Kristu. Kuti wekutanga aive pasi pemurairo wekudzikinura.

⁷⁰⁷ Munoziva ndakati. . . nyurusi duku, munoziva, randakambotaura nezvaro, kuti maziso aro aiva. . . nezvimwewozve, nzeve dzaro dzakadonhera pasi, asi, kana rakaberekwa riine hudangwe, gwayana risina mhosva, rakakwana rakafa panzvimbo yaro. Hezvoka izvo.

⁷⁰⁸ Saka izvozvo zvaiva zvehudangwe. Mwana wekutanga uyo akabuda kubva muna amai, uye vakaona ruoko irworwo (uye vakaziva kuti rwaigona kudzokera zvakare). Zvino paakatambanudza ruoko rwake kuti aratidze kuti aiva nahwo, ndiye aive wekutanga, nyamukuta akasungirira shinda tsvuku parwuri zvino iye ndokudzoserwa ruoko rwake mukati. Maona? Asi, zvirokwasvo, ndiye akanga ari wokutanga. Ndiyo yaiva shinda tsvuku, shinda tsvuku ine. . . nzira yose nemuBhaibheri, inoreva rudzikinuro; urwo rwainongedzera kumberi kumwana wekutanga aiuya.

709 Bhiza rekutanga kuzvarwa, mhou yekutanga kuzvarwa, chero zvachaive, chose chakatanga kuzvarwa (chakabuda) chaive pasi perudzikinuro, chaifanira kudzikinurwa; zvinhu zvose zvaifanira kudzikinurwa! Hareruya! Oo, izvozvo zvinongondifadza. Muri kuzvibata here? *Wokutanga* aifanira kudzikinurwa. Waiva murairo. Ngarirumbidzwe Zita raShe!

710 Zvino Jesu Kristu paakazvarwa, Akadzikinura nyika yose. Zvirokwazvo, Akazviita. Akanga ari Mudzikinuri wechisikwa chose chakambosikwa panyika. Akanga ari Mudzikinuri. Uye pane . . . Rudzikinuro rwese rwuri maAri, uye hapana imwe nzira zvachose yaungambouya nemabasa akanaka, nekujoinha chechi, kana chero zvazviri; unofanira kuuya neshinda tsvuku iyoyo, Mudzikinuri iyeye, Mudzikinuri wehama iyeye.

Zvakanaka, zvino unotevera ndouyu:

71. Zviripi zvipo . . . Ndezvipi zvipo zvichatumirwa nekuda kwerufu rwezvapupu zviviri zvemuna Zvakazarurwa 11?

Oo, Hama Palmer, kana musingakwanise kubvunza mimwe mibvunzo!

711 Zvino, rudzikinuro, shinda idzi pano, shinda tsvuku iyi, tinoona yaireva rudzikinuro.

712 Zvino mubvunzo unotevera ndouyu:

Ndezvipi zvipo muna Zvakazarurwa 11?

713 Pari kuuya nguva . . . Zvino pari kuzopindurwa mubvunzo wakapindurwa humwe husiku, uyo shamwari yangu muparidzi akanyora pamusoro pemaJudha, kuti zvichazodini.

714 Zvino maJudha aya vane makore matatu nehafu akavimbiswa kwavari. Vangani vano zviziva izvozvo? Mavhiki makumi manomwe akavimbiswa. Akati, “Mhesiya achauya uye achagurwa pakati.” Makore matatu nehafu Kristu akaparidza, akaurayiwa mumakore matatu nehafu chaiwo, makore matatu nemwedzi mitanhatu Akaparidza.

715 Uyezve chinyangadzo chinoita dongo, mo—moslem yeOmar yakaiswa paNzvimbo Tsvene; sezvakataurwa naMwari, makore zvuru zviviri nemazana mashanu zvisati zvaitika, inozenge yakamira ipapo. Muporofita akaiona, uye akaiona, zvino akati, “Vaizodaro . . . Marudzi aizova varidzi ipapo kusvikira mwaka weMarudzi wazopera.”

716 Zvino kuchigere makore matatu nehafu akavimbiswa. Kana mukacherechedza, zvapupu izvi zvemuna Zvakazarurwa 11 zvinoporofita mazuva ane chiuru, nemazana maviri nemakumi matanhatu, chaiwo-chaiwo makore matatu nehafu. Zvino . . . uye vaive vakapfeka matsaga. Zvino, tarisai shumiro yavo, zvavari. Zvino, zvapupu zviviri izvi zvinouraiwa.

717 Zvino, ivo . . . Vakadzokera kumaJudha mushure meKubvutwa kweChechi yeMarudzi. Chechi yeMarudzi inoenda Kumusha kuMabiko eMuchato, uye saRebheka akatorwa

munzvimbo yaAbrahama naIsaka uye imomo akaroorwa. Zvino Rebheka naIsaka vakabuda vaine pfuma izere yezvose zvaiva naAbrahama, zvose zvakaenda kuna Isaka. Zvirokwazvo! Uye zvaisagona kuuya kuna Isaka kusvikira Isaka atanga aroora. Oo Hareruya! Hezvoka izvo.

⁷¹⁸ Uye Kristu anova... Mwari vanogara mumutumbi iwoyo wakakwana, wakakuvadzwa zvachose nokusingaperi nemuZiyendanakuenda. Kana Gwayana neMwenga vachata Kudenga, anofamba aine pfuma yese. Zvemazvirokwazvo! Isaka naRebheka vakabuda vaine pfuma yose.

⁷¹⁹ Uye apo mhemberero iyi iri kuitika Kudenga, yeMwenga, Mwenga weMarudzi ari kuroorwa neMuchinda (Mwanakomana waMwari), muKubwinya; vari kuroorana, pane makore matatu nehafu anoitika apo... Mosesi naEria...

⁷²⁰ Izvo, Mosesi haana kumboshaikwa... kwete, mutumbi wake wakatakurwa. Ngirozi dzakamutora, haana kushata, haana kuora. Akanga ari mufananidzo wakakwana waKristu. Akafa uye Ngirozi dzakamutakura ndokuenda naye, uye kunyange dhiyahore haatombozivi kwaakavigwa, uye akaedza kuita nharo naMikaeri Mutumwa mukuru pamusoro pekuvigwa kwake. Ndizvo zvakataurwa neBhaibheri. Mwari vakamutora kumusoro muKubvutwa.

⁷²¹ Zvino Eria, paakanga achifamba ipapo, muprofitwa waMwari, akafamba achidzika kuJorodhani, akabvisa jasi rake akarova mvura, zvino dzikaparadzana kurudyi nekuruboshwe. Akafamba akakwira pagomo. Erisha akati... Akati, "Uri kunditeverera chii?"

⁷²² Akati, "Ndinoda mugove wakapetwa kaviri weMweya wenyu."

⁷²³ Akati, "Wakumbira chinhu chakaoma, asi kana ukandiona pandinoenda." Akaramba akaisa meso ake paari.

⁷²⁴ Zvino mushure mechinguva, kubva Kudenga kukauya ngoro yemoto neNgirozi dzemoto, mabhiza emoto, zvino Eria akakwira ndokuenda kumusoro muKubwinya. Haana kumboravira rufu, akashandurwa, anofanira kufa!

⁷²⁵ Uye kana mukatarisa vaporofita vaviri ava vemuna Zvakazarurwa 11, vanoita zvinhu zvimwe chete zvakaitwa naMosesi naEria. Unoti, "Hama Branham, munoreva here kundiudza kuti Eria naMosesi vachiri vapenyu?" Zvemazvirokwazvo!

⁷²⁶ Handiti, pamberi peGomo reKushandurwa... PaGomo reKushandurwa, Jesu asati aenda kuKarivhari, hapo pakamira vose Mosesi naEria vakamira ipapo vachitaura naYe. Zvirokwazvo, vakadaro, havana kufa. Uye vakanga vasati vambofa; ivo vanhu vanofa, vanofanira kufa. Saka vangori muchimiro chakabwinyiswa vakamirira guva iyoyo.

727 Uyezve pavanodzoka uye voparidza makore matatu nehafu chaiwo vari pasi pechizoro cheRubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, apo maropafadzo achitorwa kubva kuMarudzi (uye Chechi yatorwa kumusoro); zvino chechi yetsika, yakatonhora inovhimwa sembwa, nebato remacommunisti nere Roma, uye apo vachivhimwa nekuuraiwa. Ivo—ivo vanouraiwa ipapo; vaporofita ava vanoparidza makore matatu nehafu, uye Bhaibheri rakati vakauraiwa mune huru...mumugwagwa, unonzi pamweya, Sodhoma neEgipita, kwakarovererwa Ishe wedu pamuchinjikwa. Ndiko uko muJerusarema; munoono, uko muJerusarema, madanirwo epamweya.

728 Zvino vakarara mumugwagwa kwemazuva matatu nohusiku. Zvino ipapo pakupera kwemazuva matatu nehafu, mweya wehupenyu wakapinda mavari zvino ivo ndokumuka. Vaifanira kufa sevamwe vanhuwo vanofa, vaifanira kuzviita. Zvino pavakauraya vaparidzi vaviri ava . . .

729 Vakaparidza vachipikisana nezvakaipa, uye vakaunza moto kubva kudenga. Ndiani akaita izvozvo? Maona? Vakaunza matanda kubva kudenga, uye vakarova nyika nekukurumidza se . . . uye chero panguva zvayo yavaida. Zvino vakaunza moto kubva kudenga. Uye vakamisa matenga kuti asanaye, chero ivo pavaidira. Ndivanaani ivavo? Chaizvoizvo Mosesi naEria. Zvino hezvinoini izvo zvapupu zviviri.

730 Uye pavakatambudza chechi, kana kuti nyika, nokuparidza kwavo; uye nekugamuchirazve maJudha, uye nekuvadzoseru pakutendeuka, kuvadzosa kuti vatende pana . . . Pavanoona Jesu achiuyira Mwenga, vachati, “Tarirai, ava ndivo Mwari vedu Vatakanga takamirira. NdiVo!” Asi haAzi kuvinga ivo; Anouyira Mwenga waKe. Zvino Mwenga waKe . . .

731 Josefa paakaenda muEgipita, haana kutora hama dzake pamwe naye, asi akawana mwenga wake ikoko. Zvemazvirokwazvo! Asi paakazvizivisa kuhama dzake, pakanga pasina munhu aivepo. Ndizvozvo chaizvo. Uye paAchaZvizivisa kumaJudha aya, pachange pasina munhu anenge aripo ipapo kunze kwemaJudha. Havo avo vakauraya Josefa, vakamira ipapo; zvino akati, “Zvakanaka, ndini Josefa, hama yenyu.” Zvino akachema.

732 Zvino ivo vakati, “Zvino tava kuziva kuti tapinda munyatwa, nokuti takamuuraya.”

733 Zvimwe chete, maJudha iwaya achava nenguva huru yekutambudzika kuuya kusati kwasvika zvino, yekutambudzwa kunovadzinga vachidzokera kunyika yokumusha kwavo. Ichivadzinga seboka remakwai achidzokera kuGomo reKameri uko.

734 Apo Ishe Jesu vachauira Mwenga waVo, uye vanoVaona, vachati, “Ndiye Wacho watange takamirira, hoyo Uyo!” Achasimuka aine kuporesa mumapapiro aKe. Ndizvozvo.

⁷³⁵ Uye Chechi, vakasara vemaJudha, pavachazopedzisira vauraya vaporofita vaviri ava, uye vanovata mumugwagwa pamweya unonzi Sodhoma neEgipita, kwakarovererwa Ishe wedu pamuchinjikwa, vanotumirana zvipo mumwe kune mumwe (nyika inodaro).

⁷³⁶ Zvino, Hama Palmer, hezvoka izvo. Tarisai shure munhoroondo yeRoma uye muchaona kuti kune nyika imwe chete pasi rose yakambotumira zvipo mushure mehondo, ndihwo Humambo hweRoma.

⁷³⁷ Ndicho chikonzero ndichiti antikristu anobuda achibva muRoma. Chikara chinobuda chichibva muRoma, hachigoni kubuda chichibva muMoscow. Chinobva kuRoma, shato tsvuku yakamira pamukadzi kuti imedze Mwana wake Achingobva kuzvarwa. Dhiyabhore iyeye, dhiyabhore iyeye aivepi? Aiva ani? Kesari Augusto uyo akatuma akauraya vana vose kubva pamakore maviri okuberekwa zvichidzika. Shato tsvuku, shato, *chikara* zvinoreva “simba.” Simba reRoma rakatambudza uye rikaedza kutsvaga Mwana iyeye Kristu.

⁷³⁸ Uye chinhu chimwe chete ichocho! Nguva dzose apo maRoma, maRoma ekare echihedheni pavaiti vava nekukunda kukuru, vaitumirana matombo machena nezvose mumwe kune mumwe, sezvipo saizvozvo, serangaridzo. Saka matombo iwayo aive... Zvazvaive, aive zvipo zvidiki zvakatimirwa pakati pechechi yeRoma. Zvemazvirokwazvo! Ndizvozvo chaizvo. Zvinofanira kudaro.

⁷³⁹ Ndakamira imomo chaimo muGuta reVatican ndikazviongorora neBhaibheri. Papa akapfeka korona iri muhutatu, *Vicarius Filii Dei*, zvinhu zvose izvozvo zvandakambonzwa nezvimwe zvakadaro, zvirokwazvo ichokwadi; boka rechinamato rinotonga nyika dzese dziri pasi peDenga, uye rinodaro. Heroka iro, ndizvozvo.

⁷⁴⁰ Handina chandinopesana nevanhu vechiKatorike (kwete, changamire), vakangonaka sevamwe vanhu vese, asi chitendero chavo handicho maererano neBhaibheri rino. Kana Bhaibheri rino zvariri zvirizvo, ivo vari mukukanganisa. Vanoti hava... “Hazvina basa kuti Bhaibheri rinoti kudii, ndeizvo zvinotaurwa nechechi.” Tinotenda kuti Bhaibheri rinotaura nesimba repamusoro-soro! Zvirokwazvo, iShoko raMwari.

⁷⁴¹ Saka munoona apo, matombo aya aitumirwa ipapo, emuna Zvakazarurwa pano, ndiwo ma—matombo akanga ari zvipo zvaitumirwa kune mumwe nemumwe. Izvo zvinongoratidza... Bhaibheri rakati, Zvakazarurwa pano, rakati, “Regai uyo ane huchenjeri averenge nhamba dzechikara. Regai uyo ane huchenjeri aite *zvakati-nezvakati*. Regai uyo ane mweya wezvimwe zvipo aite *zvakati-nezvakati*.” Munoona kusakwana kwakaita chechi?

742 Mumwe mujaya andibvunza mangwanani ano nezve zvipo zvemweya, nezve kutaura nendimi. Muchinda wechidiki, akaperera, ndinotenda kuti achange ari mushumiri mamwe emazuva ano. Uye napamusoro pechechi, ndikati, “Kune zvakawanda zvacho zviriri zvenyama. Hatidi izvozvo, asi tinoda chinhu chaicho. Tinoshuvira kuva nacho.”

743 Haukwanise kuenda kunozvidzidzisa muchechi; chinhu chekutanga munoziva, unowana, mumwe ane ndimi, mumwe ane pisarema, zvino unotozofanira kurwisa chinhu chacho. Asi kana Mwari vakapa chipo nemukuzvitonga, chinozviratidza chega. Ndizvozvo. Munooona, ndizvo zvipo zvaMwari, ndizvo zvaVanotumira kuChechi kuti ikunde.

744 Zvino, antikristu ane chimwe chinhu chakaita sechakanaka nechakaipa, ane nzira ya—ya—yakatsveyama yekuzviita nayo. Uye ndihwo humambo hweRoma hunotumirana zvipo mumwe kune mumwe, zvipo zvepanyama. Mwari vanotumira zvipo zvemweya kuvakundi; muRoma anotumira zvipo zvepanyama mumwe kune mumwe.

745 Tinotenda kuti Mweya Mutsvene Mweya, tinoUgamuchira nerubhabhatidzo runobva Kumusoro.

746 Chechi yeKatorike inodzidzisa, “Yukaristia tsvene inova muviri waKristu; kuti kana uchinge wagamuchira chingwa ichi nekosha, *ndiwo* Mweya Mutsvene, Mweya Unoyera, chidyo chinoyera.” Maona?

747 Tinotenda kuti chimedu chechingwa, hatitendi kuti muviri waKristu, (tiri kugadzirira kuchitora mumaminitsi mashoma). Tinotenda kuti chinomiririra muviri waKristu. Asi handicho. . .

748 Ndiwo musiyano uripo pakati pedzidziso yeKatorike nemaProtestanti. Maona? Chechi yeKatorike inoti, “Muviri ndiwo. . . Chingwa *ndiwo* muviri chaiwo. Chechi ine simba rekushandura izvi.” Makamboona here muKatorike achipfuura pachechi, achikotamisa musoro wake, achigadzira michinjikwa? Uye nokuti chiedza chidiki ichocho chiri kubvira muchechi imomo pasi petabhenakeri duku iyoyo. Mune chiedza chidiki imomo, uye chingwa chekosha chiya chiri imomo. “Zvino ndiwo muviri waKristu. Zvino paunochitora, unenge uchitora muviri waKristu chaiwo pachirairo chako chekutanga nekureurura kwako nezvimwe zvakadaro. Uri kutora, chaizvoizvo, muviri waKristu.”

749 Tinotaura kuti *chinomiririra* muviri waKristu, munooona, kuti hapana zvachiri zvachose kunze kwekuva chimedu chechingwa. Uye hazvina basa kana chaive chisitombori chingwa, kana chaive chiri chero chimwewo chinhu, chaifanira kumiririra zvimwe chetezvo. Ndizvo—ndizvo chaizvo. Kunyangwe ivo. . .

750 Sevanhu ava vanoti, “Handingabhabhatidzirwe mudziva, ndinoda kubhabhatidzirwa murwizi.”

⁷⁵¹ Zvinoita musiyano wei, chero bedzi wabhabhatidzwa? Kana muri mudziva, uye...Wanhi, Firipi akabhabhatidzwa mudziva...pakabhabhatidzwa muyunaki. Firipi paakabhabhatidza muyunaki mudziva, Mweya Mutsvene wakamubvuta zvekuti Wakatakura Firipi kure, haana kuonekwa kwemamaira mazana maviri. WakaMutakura muMweya, ukamupa ngo—ngoro yemoto kubva Kudenga chaiko kwemamaira mazana maviri. Amen. Zvinoshamisa!

Zvino:

Vatsvene vachavepi mushure mekutonga kwechiuru chemakore? Uye vachava nemhando yemutumbi wakadini? Ndichadzoka kune iwoyo munguva pfupi. [Hama Branham vanopindura izvi vachitangira pandima 820, semubvunzo 74—Mupepeti] Vachange vaina Jesu.

⁷⁵² Zvakana, mubvunzo we—wechinomwe:

72. Tichatonga sei vatumwa?

⁷⁵³ Izvozvo zvinowanikwa muna...Tichatonga sei vatumwa? Nekuva vanakomana nevanasikana vaMwari. Ngirozi varanda; tiri vanakomana navanasikana vaMwari. Uye Bhaibheri rakataura kuti tichatonga ngirozi. Ndizvozvo. Zvino, zvino kana iwe... .

Mubvunzo wechi 8:

73. Sei bvudzi nokuda kwengirozi dzemuna VaKorinde Vokutanga?

⁷⁵⁴ Zvino mumwe munhu ndiwanirewo VaKorinde Vokutanga, chi—chitsauko 11, uye tichaona ipapo, kuti muchaona kuti iyo—iyo...Muna VaKorinde Vokutanga, ye—yechi 11, tinoona kuti Pauro ari kutaura. Regai ndimboenda kwazviri kweminiti, zvino tobva tazviverenga nekukasika uye zvadaro ticha—tichazviisa pasi.

⁷⁵⁵ Ndine chimwe chinhu chekutura pane imwe ndima iyi pano, chandinovimba kuti Ishe vachatipa nenzira yatinofanira kupa nacho. Kana mumwe munhu akapawana... Ndinofunga kuti ndicho chitsauko 11, hongu, zvakana. Zvino nyatsoteererai, zvakanyatsonaka zvino, kuitira kuti munzwisise. Zvino tora hana yako yose uise muhomwe yevhesi rake kusvikira ndaverenga izvi, munoona, ndataura pamusoro paZvo. Nyatsoteererai chaizvo, izvi iZVANJI NAJEHOVHA:

Ivai vateveri vangu, seni...ndiri waKristu. (Pauro akati, “Nditeverei, sekungotevera kwandinoita Kristu.”)

Zvino ndinokurumbidzai, hama, kuti imi mugondirangarira muzvinhu zvose, uye nemukuchengeta mirairo, sezvandakapa...kwamuri.

Asi ndinoda kuti muzive, kuti musoro wemurume mumwe nemumwe ndiKristu; uye musoro womukadzi ndiye murume; uye musoro waKristu ndiye Mwari.

756 Munoonoone zvazviri? Mwari, Kristu, murume, mukadzi. Zvino:

Murume mumwe nemumwe unonyengetera, kana kuporofita musoro wake wakafukidzwa, anozvidza Kristu.

Asi mukadzi mumwe nemumwe unonyengetera kana kuporofita nemusoro wake usina kufukidzwa anozvidza musoro wake: . . .

757 Zvino tinogatora kwechinguvana, tokuratidzai kuti vhudzi kumukadzi chifukidzo chake:

. . .nokuda kwaizvozvo. . .kunyange zvimwe chete sokunge akaveurwa. (Zvinozveva kuti kana—kana achizogera bvudzi rake, ipapo ngariveurwe.)

Nekuti kana mukadzi asina kufukidzwa, ngaaveurwewo zvakare: (kugerwa zvinoreva kuveurwa, munoonoone) . . .asi kana chiri chinyadzo kuti mukadzi agerwe kana kuveurwa, ngaave akafukidzwa.

758 Zvino tave kudzika chaiko kumubvunzo uri pano wauri kubvunza. Maona? Zvakanaka, zvino hazvina kunaka kuti mu—mudzimai agere vhudzi rake, maererano neBhaibheri. Zvino teererai pano chaipo muone kana Bhaibheri risingapi murume kodzero yepamutemo kuti arambe mudzimai wake kana akagera bvudzi rake, onai kana zviri izvo kana kuti kwete.

Kana murume . . .Nokuti murume haafaniri kufukidza musoro wake (ndiko kuti, kuve nebvudzi refu), sezvo ari mumufananidzo nekubwinya kwaMwari: asi mukadzi ari mukubwinya kwemurume. (Wakambozvifunga here izvozvo?)

759 Zvino ndinoda kumira pano, nokuti ndinoda kuti izvi zvinyatsosinina chaizvo, munoonoone. Uye zvino rangarirai, ndakaona makumi ezviuru evakadzi vakanaka (ndinovaziva izvozvi, uye vazhinji vavo vagere muchechi muno) vane vhudzi pfupi, vari Makristu. Uye zvandinoisa pazviri hausu iwe, inzira yawakadzidziswa nayo. Maona? Ndizvozvo. Muparidzi wako haana kumbokuudza izvi. Asi kana chero vamwe vemadzimai vepatabhenakeri vakadaro, zvino vane mhosva. Munoonoone, nokuti chokwadi chaicho tinovaudza nezvazvo.

760 Zvino, tarisai izvi:

. . .murume . . .Nokuti . . .(ndima yechi7) . . .Nokuti murume . . .

761 Zvino, ndiani ari kutaura pano? Zvino, pane imwe nguva mumwe mukadzi akati, “Oo, Pauro akanga ari muvengi wakare wevakadzi.”

⁷⁶² Saka, zvino tichiri ipapo, ngatingovhurei pano kuna VaGaratia 1:8, uye tione kuti Pauro anoti kudii pamusoro peizvi, munoono, muna VaGaratia 1:8. Muchaona kuti Pauro akati pano muna VaGaratia 1:8:

...kunyange isu, kana mutumwa anobva kudenga, akaparidza imwe evhangeri kunze kweiyoyamakatonzwa kare, ngaave wakatukwa.

⁷⁶³ Zvino musandipomera mhosva, imi Vapomerei mhosva, munoono.

Nekuti murume zvirokwazvo haafaniri kufukidza musoro wake, zvaari mukubwinya nemufananidzo waMwari: asi mukadzi ari mukubwinya nemufananidzo wemurume.

⁷⁶⁴ Zvino tarisai ndima inotevera:

Nekuti murume haasi womukadzi; asi mukadzi ndewe murume.

Kana murume haana kusikirwa mukadzi; asi mukadzi akasikirwa murume.

⁷⁶⁵ Zvino, ndinoreva izvi zvino nerudo chairwo uye nekutapira, uye ndinovimba munozvinzwisisa nenzira imwe chete yandinotaura izvi. Asi America... Semufambi wepasi rese, America ine mimwe yemitemo yayo yakadereresa, isina hunhu yevakadzi vavo pane chero nyika ipi zvayo pasi rese. Paris, France inogona kunge iri kumusoro-soro iri padivi renzira iyo America inobvumira vakadzi vayo kuita. Zvinonyadzisa!

⁷⁶⁶ Makacherechedza here kuti mwari weAmerica mukadzi? Ndinogona kukuratidzai izvozvo neBhaibheri rino. Ndizvozvo. Munocherechedza here kuti zvinofanira kuuya nenzira iyoyo kuitira kuti chechi yeKatorike igone kuunza dzidziso yayo yemhandara Maria?

⁷⁶⁷ Zvino, kana mukadzi asina kugadzirirwa murume, kwete... Kana murume asina kugadzirirwa mukadzi, asi mukadzi akagadzirirwa murume, zvino uchanamata mukadzi sei? Maona? Zvino, chii chakazviita, zvakatangira muParis ndokunomhara muHollywood. Zvino Paris yava kutofanira kuuya kuHollywood kuti itore vasikana vanoshambadzira uye nekutora mafashoni avo nezvinhu, ndiko kuderera kwevakadzi vedu vemuAmerica.

⁷⁶⁸ Chii? Nyika yedu yasvika pakuva duku kwazvo kusvikira vakatotorerwa varume mabasa, ndokuisa madzimai kunze kuno munzvimbo idzodzi, kusvikira makumi mapfumbamwe kubva muzana vavo, potse, zvipfeve. Uye ungataura pamusoro pevarume vaparara, chokwadi, imhaka yokuti vane vakadzi kunze uko vari mumabasa avo. Uye vaderera zvakanyanya kusvika vakaisa madzimai semapurisa mumugwagwa. Zvinonyadzisa kune chero nyika! Hongu, changamire. Muchaita sei nezvazvo?

769 “Munoita sei nezvazvo, Hama Branham?” Ndinofanira kuzviremekedza, ndiri mugari wemuAmerica, ndinoita zvinotaurwa nashefu mukuru kuti ndiite. Kana ndikango. . . Kana—kana mhuri ikarasikirwa noruremekedzo rwayo rwemhuri (vana vorasikirwa noruremekedzo kumubereki), mhuri iyoyo inoita mamvemve. Kana—kana chechi ikangorasikirwa neruremekedzo kumufundisi wayo, handiti chechi iyoyo yatoparara. Uye kana nyika ikangorasikirwa noruremekedzo rwayo nedare repamusoro-soro nesarudzo yaro, nyika iyoyo yaparara kuita zvidimbu. Ndizvozvo chaizvo. Tinofanira kuremekedza zvinhu izvozvo nokuti ndivo vakuru-vakuru, munoona. Asi hazvina kunaka pakutanga kwacho. Zvemazvirokwazvo!

770 Munozviziva here kuti murume muBhaibheri. . . waGenesi, chitsauko 1, Mwari pavakasika mukadzi ne-nemurume, ndokugadzira varume nevakadzi, zvino Mwari vakaudza Evha kuti “murume wako achakutonga, ova mutongi wako”? Taura izvozvo muAmerica uone kwauchasvika! Vakomana, hazvina kudaro, mukadzi ndiye anotonga murume; vanofanira kuita izvozvo, nzvimbo dzeruzhinji dzakamiswa. . .

771 Ndaigona kuunza madzimai, dai ndaifanira kudaro, kubva mukamuri mangu umo, nemadhazeni, emadzimai ane hunhu. . . Handitauri kuti vakadzi vose dzimwe nguva havafaniri kushanda; zvichida vane murume anorwara kana chimwe chinhu, uye vanofanira kushanda. Asi kana vasingafanire kudaro, havafanirwe kuzviita. Nzvimbo yavo iri kumba, nhare yavo diki, ndiko chaiko kwavanofanira kunge vari.

772 Zvino vakadzi vedu vekuAmerica vakawana rombo rakanaka rekuzviriritira kana kuti vanofa. Kunyange mumhuka dzose nezvimwe zvakadaro, kana chinhu ichocho chakunda, chinoitika uye chinoderedza rudzi rwacho rwose.

773 Kune shiri duku iri muAfrica, uye ishiri diki yakanaka.

774 Zvino, kazhinji, hadzi ndiyo yagara yakanyangara pahuviri hwadzo. Mukono wagara wakanyanya kunaka, nondo hono, mhara hono, chihuta chikono, hu—huku hono, uye nguva dzose ndiyo yakanyanyisa. . . Nokuti, hadzi ndiyo shiri yekumba. Inogara padendere, inorera vana vayo. Yakavanzwa kubva kune rukodzi, nyoka, gava, chero zvimwewo, munoona, kuti irere vana vayo.

775 Asi murudzi apo pokuti. . . kana pakuva hadzi kana mukono pokuti—pokuti—pokuti mukadzi, kana hadzi yacho, inokurira parunako, inogara iri mhando yakaderera. MuAfrica, ukatora shiri. . . Kune shiri diki ikoko, uye imwe chete panyika iyoyo yandinoziva, yekuti hadzi yakanaka kupfuura hono. Zvino kana yadaro. . . Shiri iyoyo—iyoyo chipfeve nguva dzose. Inomhanya-mhanya yotsvaga hono, yomhanya kunze yokandira chitsama chemazai mushure mekunge yasangana neimwe, yorega hono

ichirindira mazai painoenda kunovhima mumwe mukono. Ndizvozvo chaizvo. Maona? Munoono zvandiri kureva?

⁷⁷⁶ Mune, zvino tarisai, muAmerica nhasi, nezve madzimai edu. Mumwe murume wechidiki wekuKentucky akandiudza, mazuva mashoma apfuura, kuti paiva nevakadzi mazana masere vaishanda pane imwe fekitari muno muKentucky. Uye akati, “Ndaikwanisa kunzwa pasina chinondinetsa mukutuka kuti mazana mana avo zvipfeve zvemazvirokwazvo zvomumugwagwa, uye vakadzi vakaroorwa vane vana.” Mumwe muchinda akatora mudzimai wake kunze uko akamuzvamaradza nepuranga, zvokuti akapotsa amuuraya. Zvino mumwe wacho akaenda akanopfura mumwe murume. Uye mumwe wacho vachichekana nekurwa. Hazvifanire kudaro. Hazvina kunaka.

⁷⁷⁷ Dzoserai mukadzi mukicheni ndimo make imomo, zvino zvinhu zvese zvichanaka. Asi ukamuisa kunze uko kubasa reruzhinji, aenda. Zvemazvi- . . . handitaure kuti . . .

⁷⁷⁸ Vakadzi vekuAmerica vanopfipfidza nemumhino dzavo vachiti, “Hapana zviripo paZviri.” Zvino, “Ndiratidzei.” Zvirokwazvo, unofanira kuzviita, nokuti Bhaibheri rakafanotaura kuti waizozviita. Unofanira kuzviita.

⁷⁷⁹ Uye pano apo . . . Zvaisimbova, kare-kare, muchechi yeMethodisti, kana mudzimai akagera vhudzi rake, aidzingwa muchechi. Zvirokwazvo, vakazviita. Hongu, zvirokwazvo. MaNazarene, maPilgrim Holiness, maPentekosti, vose zvavo vaisizviita. Chii chakaitika?

⁷⁸⁰ Munoziva chikonzero nei? Mune vamwe vakadzi kuseri kwepurupiti. Ndizvozvo chaizvo. Mumwe munhu anotyta kuti muhoro wake . . . anotyta kuti ungavadzanga, kuvadzanga kubva muchechi. Vakanga vasina hushingi chaihwo hwekumira, kumira paShoko raMwari kunyangwe Richirwadza kana kuti raive Risiri. Ndizvozvo chaizvo.

⁷⁸¹ Inzwa pano, murume ndiye mutongi. Rega kufunga kuti uchatonga imba. Hausi mutongi wemba. Zvirokwazvo uri . . . Iwe hausi nhapwa zvino, asi uri mubatsiri. Uye Adhamu . . . Murume ane hutongi pamusoro pemudzimai wake, uye ane mungava wakazara kumudzimai wake. Mwari vanoita kuti murume apindurire mudzimai wake. Zvino, verenga uone kana Mwari vachizvitauro zvino.

Nekuti murume zvirokwazvo haafaniri kufukidza musoro wake, zvaari mumufananidzo nekubwinya kwaMwari: . . .

⁷⁸² Mwari havasi mukadzi, Mwari Murume. Munoziva pavanoita mhandara Maria nezvose izvozvo, uye vachireve- . . . kana kureverera nezvimwe zvinhu zvakadaro, nekunamata kuna mhandara Maria, munoziva kuti zvinondiyeuchidza nezvei? Diana mwarikadzi mukuru, uyo akatsiurwa naPauro

ndokumhanyira kunze. Ndizvozvo. Akati, “Nhai zvenyu, Mwari havasi mukadzi!”

⁷⁸³ Dombo rakadonhera mumunda, zvino vakati mwarikadzi akandira pasi mufananidzo wake, ndicho chikonzero mudzimai paKorinde, uye kumusoro imomo, ivo . . . vainamata Diana, vaida kuva vaparidzi.

⁷⁸⁴ Vakati, “Handiti, mweya wakatiudza kuti taigona kuparidza.”

⁷⁸⁵ Akati, “Chii? Shoko raMwari rakabva kwamuri here, uye rakabva kwamuri moga here? Kana chero munhu achifunga kuti ndewe mweya kana muporofita, ngaabvume kuti zvandinoreva mirairo yaShe: Mukadzi ngaanyarare uye azviise pasi muchechi, asingadzidzisi kana kuva nesimba chero zvaro.” Ndizvozvo chaizvo! Ndizvo zvakataurwa neRugwaro. Maona? Uye Mwari vachaita kuti boka revaparidzi vazvipindurire paZuva reKutongwa.

⁷⁸⁶ Saka, teerera! Unoti, “Saka, ndinokuudzai, ndakadzidziswa izvozvo.” Munoziva zviri nani zvino! Ndizvozvo. Kana iwe kana mumwe munhu akatanga kutora chikamu chemushonga, zvino mumwe munhu okuudza kuti ichepfu, uye iwe—uye iwe woenda mberi woitora zvakadaro, imhosva yako mushure maizvozvo. Maona?

⁷⁸⁷ Zvino teerera! kune izvi:

Nekuti murume haasi womukadzi; asi mukadzi ndewe murume.

Nekuda kwechikonzero ichi mukadzi unofanira kuva nesimba pamusoro wake nekuda kwevatumwa.

⁷⁸⁸ Pane mumwe wenyu ari kuiverenga? VaKorinde Vokutanga, chitsauko 11, uye ndima 10. Kana mukacherechedza, “simba,” (Sei?) “revatumwa,” VaKorinte Vokutanga, nokuti ngirozi murume, mutumwa. Tarisai, ndi “n” mudiki zvakare. Pane zvine chekuita neNgirozi, neNgirozi dzeKudenga, ndi “N” mukuru, vara guru “N.” Pana “n” mudiki, ingirozi dzevanhu.

Zvisinei hakunawo murume . . . kana mukadzi, . . . kana mukadzi haazi kunze kwemurume—murume, muna She.

Nekuti mukadzi sezvaanobva kumurume, nokudarowo murume zvakare noitwa nomukadzi; . . . zvinhu zvose ndezvaMwari.

Tongai . . . pachenyu: zvakafanira here kuti mukadzi anyengetere kuna Mwari (aine bvudzi pfupi) asina kufukidzwa? (fungai nezvazvo zvino)

⁷⁸⁹ Zvino tarisai:

Ko kunyangwe masikirwe pachawo haukudzidzisei here, kuti, kana murume ane vhudzi refu, . . .

⁷⁹⁰ Nhai, “Raireverei?” Vhudzi. Hamuoni here zviri kutaurwa naPauro? Vhudzi, vhudzi refu! Kana . . . Mukadzi anofanira kuva nevhudzi refu. Ndima 14 zvino:

Ko kunyangwe *masikirwe* pachawo haukudzidzisei
here, *kuti, kana murume* aine *vhudzi refu*, ichocho
chinyadziso *kwaari*?

⁷⁹¹ Mazvibata here? Zvinonyadzisa kuti murume ave nebvudzi refu, asi muka- . . . ndiyo nzvimbo yemukadzi. Mwari vakasika murume akasiyana nemukadzi, pakuva murume kana mukadzi uye nemukutaridzika, uye nemuzvinhu zvese. Haafanire kupfeka hanzu. . . Bhaibheri rakataura kuti “Kana mukadzi akapfeka mudhebhe kana chero hanzu yakafanana neyomurume, chinhu chionooneka zvinonyangadza uye chine tsvina uye chinosemesa pamberi paMwari.” Uye Mwari vachamuita kuti azvibhadharire. Ndiani wauchazoteerera? Asi iri iBhaibheri!

⁷⁹² Uye unomhanya kwese-kwese uchiti, “Ko, ndinofunga kuti zvakanaka kuti. . . kuona vakadzi vakapfeka midhebhe.” Asi Mwari vakavaita vakasiyana, Vanovada kuti vapfeke zvakasiyana.

⁷⁹³ Uye Bhaibheri rakati, “Kana mukadzi kunyangwe akapfeka hanzu yakafanana neyemurume, chinyangadzo.” Munoziva kuti *chinyangadzo* chii? Ndicho “chimwe chinhu chinosemesa pamberi paMwari.” Zvino Jehovha Mukuru Anotarisa zasi pauri sechinhu chine tsvina. . . Uye Bhaibheri rakati. . .

⁷⁹⁴ Uye iwe unoti. . . Vamwe venyu madzimai zvino, kuvasikana venyu vaduku vari pazera rekuyaruka, makore gumi nemasere, makumi maviri okuberekwa, muchivarega vachimhanya kunze uko vakapfeka sezvaari!

⁷⁹⁵ Nemiwo, zvakare, amai! Maona? Pamunobuda mopfeka midhebhe iyoyo nezvimwe morarama. . . mopinda mumugwagwa, uye—uye mova nehembe dziya dzekare dzavari kugadzira mazuva ano, uye dzinokuitai kuti mutaridzike sechimwe chinhu chamusiri. Maona? Uye munobuda kunze uko mumugwagwa muchitaridzika zvinokwezva ruchiva, unogona kunge usina mhosva uye wakachena pamberi pemurume wako nezvose, asi kana ukabuda kunze mumugwagwa uye murume akakutarisa nokuti wazviratidza saizvozvo, une mhosva, uye uri kuzopindurira paZuva reKutongwa pamusoro pekuita hupombwe nemurume wese akakutarisa saizvozvo. Ndizvo zvakataurwa neBhaibheri.

⁷⁹⁶ Bhaibheri rakati, “Ani naani anotarisa mukadzi kuti amuchive, atoita upombwe naye kare mumwoyo make,” uye une mhosva uye ucha. . .

⁷⁹⁷ Unouya pakutongwa woti, “Ishe, Munoziva mwoyo wangu; handina kumbobvira ndaita hupombwe, ndairarama pachokwadi kumurume wangu.”

798 Asi hepano pachava nemurume, hepano pachava nemumwe, hepano mumwe, mumwe, mumwe, gumi nevashanu, makumi maviri, makumi matatu, makumi mana avo vakamira ipapo vachiti, “Mhosva yehupombwe!” Sei? Mumwe murume akakutarisa.

799 “Nhai, ndakanga ndisina chimwe chinhu chokuita nazvo.” Saka, sei wakazviratidza pachako saizvozvo? Apo Mwari vakakuudza kuti usazvipfeke, chaiva chinyangadzo kuzviita, uye unoenda kunoteerera kune *Ndiani Anoda Susie*? Kana kuti ndiyani zviya. . .

800 Wakaziva here kuti chii chakaitika nemurume wa*Ndiani Anoda Susie*? uya? Imi mose makazviona pano nguva pfupi yadarika mubepa. Patakanga tiri kunze kuCasper, Wyoming, zvakabuda. Uye zita rake ndiani? Muchinda uya aka. . . pana *Tinoda Susie* iyoyo, kana kuti chii—chaimbova chii chaizvo? Mu. . .Oo, zvamunogarira kumba Chitatu manheru muchipotsa musangano wemunamato kuti muone. Ndechipi chiya zvino? *Tinoda*. . .Zita racho rinonzii? [Imwe hanzvadzi inoti, “*Ndinoda Lucy*.”—Mupepeti] *Ndinoda Lucy*, murume wake anofanira kunge. . .anongowayawaya, akabatwa kunze uko kuReno, Nevada, nemumwe musikana wechitema, waanga achigara naye kwemakore. Zvino ndizvo zvaunogarira kumba kuti uone panzvimbo yekunoenda, wononzwa Evhangeri. Mukadzi wacho akazvireurura. Oo, nhai vedu! Hapana chakachena chiri kunze kwaJesu Kristu!

801 Mwoyo wenyu uropafadzwe, hama, ndi—ndinokuudza iwe—iwe muchinda, vamwe ve. . .Unoti, “Oo, ini zvangu, tarisa chikwata chacho.” Mamwe ema—emagora akaipisisa acho atinawo, makunguwo, ishiri dzine runako. Haukwaniisi kuziva zviri shiri kubudikidza neminhenga yayo, munoona. Saka ingorangarira izvozvo. Oo, ini zvangu!

802 Zvino tarisai:

Ko kunyange *masikirwe*. . .(ndiyo ndima 14 iyoyo). . . haakudzidzisei *here, kuti*, zvinonyadzisa kuti murume ave nevhudzi refu? (Ndere mukadzi.)

Asi kana mukadzi ane vhudzi refu, ndiko kubwinya kwaari. . .

803 Zvino ari kutaura nezvei? Ngowani inopfekwa nemi vanhu maKatorike muchechi? Kwete zvachose! Chifukidzo chidiki pamusoro pemusoro wako, nehengechepfu? Ari kutaura nezve bvudzi rako!

804 Zvino! Uye kana mudzimai akagera vhudzi rake, anodimbura kubwinya kwake, uye haabvumirwi kuartari kuti anamate. Munoona, zvarakataura chaizvo pano, “Chinhu chinogamuchirika here chekuti mukadzi aende kunonamata aine musoro usina kufukidzwa?” Vanoti pano, vanoti, “Saka, anofanira kugera bvudzi rake.” Saka ngaaveurwe kuita

muparavara zvino. “Uye kana achizoveurwa kuita muparavara,” akati, “kusaremekedza, zvinonyadzisa kuti mukadzi aite izvozvo.” Ndokubva rati, “Anofanira kufukidzwa.” Zvino, ndiri kungo—ndiri kungoverenga tsamba yaPauro. Imi mose, zviri kwamuri, munoono.

Asi kana mukadzi aine vhudzi refu, ndiko kubwinya kwaari: nekuti vhudzi rake rakapiwa kwaari kuti chive chifukidzo.

⁸⁰⁵ Rakati achapihwa ngowani here? Imi vanhu vechiKatorike kana imi maProtestanti, chero wenyu, anoenda kuchechi uye achida kupfeka ngowani, woti, “Zvakanaka, ndiri kuenda kuchechi, ndinofanira kupfeka ngowani.” Kwete, unofanira kurega bvudzi rako richikura. Ndiwo musiyano. Maona?

. . . nekuti vhudzi rake rakapiwa kwaari kuti chive chifukidzo. (Zvino zvinonyadzisa kuti auye muchechi asina kufukidzwa, kuti aende kuartari kunonamata.)

Asi kana mumwe munhu achiita seari kuva—kuva . . . (Handitendi kuti ndinogona kududza izwi iroro, k-u-k-a-k- . . .) . . . Kukakavara—kukakavara (munoziva kuti kukakavara chii), hatina tsika yakadaro isu, kunyangwe Chechi yaMwari.

⁸⁰⁶ Zvino kana uchida kuita nharo pamusoro pazvo, ita hako nharo naZvo. Zvakanaka, kana uchida kukakavara nezvazvo, “Oo, hazvina mutsauko wazvinoita. Ngativasiye vaenderere mberi. Handiti, ndinofunga kuti hapana zviripo. Ini . . . Hazvisi zviri bvudzi, zvisinei, ndeizvo zviri mwoyo.” Ichokwadi; kana mwoyo wakanaka, vhudzi richava rakanaka (Uh-huh).

⁸⁰⁷ Pfuurirai mberi, kana muchida kuita nharo, Pauro akati, “Hatina tsika yakadaro, kunyangwe Chechi yaMwari.” Akati, “Kana uchida kuva wedivi raKaini, zvakanaka, chingoenderera mberi.” Asi Izvi ndizvo zvaitaurwa naPauro.

⁸⁰⁸ Oo, uye handireveri kuseka, nekuti haisi nyaya yekuseka. Asi ndinokuudzai shamwari, zvinonyadzisa kuona nzira iyo zvinhu izvi zvakabvumidzwa kuitwa. Ini . . .

⁸⁰⁹ Teererai! Kwamuri imi, hanzvadzi dzangu dzinodikanwa, ndinoda kuti mutaridzike zvakanakisa zvenyu uye muve zvakanakisa, ndizvo zvamunofanira kuva. Ndizvo zvamunofanira kuva. Uye unofanirwa kuve uchipira uye wakachena nezvese zvaunokwanisa kuva kana murume wako auya, zvingori zvimwe chete sezvaaive mudiwa wako. Uye unofanira kusangana naye pamukova nekungo—nekungomutsvoda zvinotapira kwaari sezvazvaive musi wawakamutsvoda paartari kuti ave murume wako. Ndizvozvo. Ini handikupe mhosva yekutaridzika kwako zvakanakisa uye nokuve uri zvakanakisa. Uye ndinoda kuti muve saizvozvo, Mwari vanoziwa kuti ndinodaro.

⁸¹⁰ Pano imwe nguva yapfuura, ndaitaura naJack Shuler. Ndiani akambonzwa nezvaJack Shuler? Muparidzi ane mukurumbira kudarika vose ari weMethodisti. Akati, “Mumwe mukadzi akauya akati . . .bvudzi rakasviba rose, uye achitsenga chingamu, uye akapfeka zvipfeko zvisina kukwana paari, akati, ‘Munoziwa, murume wangu haachatomboita basa neni zvachose.’”

⁸¹¹ Akati, “Handimupi mhosva.”

⁸¹² Ndizvozvo. Zvino, asi izvo zvaunofanirwa kuita, iwe unofanirwa kunge uri munzira kwayo. Usatore kuchena kwako nerunako rwako kubva muHollywood, zvitore kubva muBhaibheri, pamberi paMwari. Iva mudzimai kwaye, ita semudzimai kwaye, pfeka semudzimai kwaye, iva wakachena. Ita semudzimai kwaye, usapfeke izvo . . .

⁸¹³ Chero Murume anorega mukadzi wake achibuda panze uye opfeka zvinhu zviduku izvozvo pamberi pevarume, nezvinhu zvidiki zvakare izvozvo . . .obuda kunze pahuswa kunocheka uswa pachivanze, nezvimwe zvakadaro, changamire, ndinokuudzai, hama! Ini handi—ini handirevi kuve nehutsinye, ini . . .Mwari vanoziva kuti ndiwo moyo wangu. Asi ndichafanira ku . . .Ndichafanira kushanduka zvakananyanya ndisati ndarega wangu achizviita. Ndichava mukuru pamusoro pechikomo kumusoro uko chero bedzi ndichikwanisa, munoona; uye pandisingakwanise, ndichafamba ndichibva ipapo. Ndizvozvo.

⁸¹⁴ Oo, hama, zvinonyadzisa uye hazvina hunhu kuti madzimai aite izvozvo. Uye ini—ini handisi kureva, hanzvadzi . . .Ini—ini handisi kukudzikisirai, ndiri kungoedza kutaura kuti . . .Chechi yedu pano haina nhengo, vanhu vanongouya pano. Asi ino imba yaMwari, uye tinoudza vanhu zvezvimwirokwarzira kuti vasapfeke zvinhu izvozvo. Kutu zviri . . .uchazvipindurira paZuva reKutongwa. Zvino tarisai pano. Uye rega vhudzi rako rikure, munoona, uye uve mudzimai kwaye.

⁸¹⁵ Zvino:

Zvino mune izvi zviri . . .ndinokuzivisai kuti handikurumbidzei, nokuda kwekuti munoungana pamwe chete kuti . . .kwete zvinopfuura nokunaka, asi zvakawedzerwa kuipa.

Nekuti chekutanga, kana imi muchiungana mukereke, ndinonzwa kuti kune kupatsanurana pakati penyu; nezvimwe zvakadaro, . . .(zvinopfuurira mberi kusvikira patafura yechirairo)

⁸¹⁶ Zvino teererai kune Izvozvo. Ndicho chikonzero chekuti ngirozi . . .

⁸¹⁷ Zvino, Hama Palmer, handisi kukuudzai patepi ino munoparidza zvimwe chete zasi ikoko zvandiri kuita pano.

Asi munoziva zvakanaka-naka, uye imi zvamuri muparidzi, munoziva kuti iChokwadi, hama. Zvakanaka.

⁸¹⁸ Saka *ngirozi* pano ndivo “varume.” Kana mukazvicherechedza, Hama Palmer, zviru muvara duku, “ngirozi.” Uye Bhaibheri rinoenderera mberi...Ari kutaura pamusoro pemurume nemukadzi wake, munoona, ndipo pane nyaya yacho.

⁸¹⁹ Ndiyo nzira iyo vanhu vanovhiringika nayo muBhaibheri, vanoti, “Saka, Mwari vanotaura chinhu chimwe *pano*, nechimwe...” Kwete, iwe—iwe unozobva panyaya yacho. Gara chaipo panyaya imwe chete, ndizvo zvoga. Ari kutaura nezve murume nemukadzi wake.

⁸²⁰ Zvino chimwe chinhu chandinoda kurova tisati tavhara, zvinonditorera angangoita maminiti maviri:

74. Vatsvene vachavepi mushure mekutonga kwechiuru chemakore? Uye vachava nemhando yemutumbi wakaita sei?

⁸²¹ Ndinofunga kuti ndiwo mubvunzo unotapirisa, ndinongozvida izvozvo. Zvino ngatitarisei takananga mauri chaimo.

⁸²² Pakutanga, Mwari...Tichadzokera kudzidziso yedu yechiHebheru kwemaminiti mashoma. Mwari vaive ichi chitubu chikuru, kwazvo chemavara manomwe. Vangani vanozviza izvozvo? Maona? Uye vangani vanoziva kuti Mwari vane Mweya minomwe? Zvirokwazvo, Mweya minomwe. Zvino paiva nemaziso manomwe mugwayana, nezvimwe vakadaro, zvose izvozvo zvichiuya pamwe chete zvino. Maona? Zvino, akanga ari Mwari.

⁸²³ Zvino Iye (Rogosi) yakabuda muna Mwari, yaiva Mwari vachibva muchitubu chikuru ichi vachipinda mumutumbi uri muchimiro che—chemunhu; zvino wakagadzira Rogosi, yatinoti tiyofani.

⁸²⁴ Zvino, kana ukatora tiyofani kana wakatarisa ipapo, munhu. Zvino nokuti isu...Zvino, ndipo patakanga tiri pamavambo. Zvino, hausi kuzvinzwisisa zvino, asi wakanga uriko kumashure uko pakutanga wakadaro. Munhu paakaita... Mwari pavakagadzira munhu nemufananidzo waVo, Vakamuita tiyofani. Zvino Vakangomuisa munyama...Mwari pavakasika munhu nemufananidzo waVo, akafanana naVo, vaive...Muna Genesi 2, paiva...kana kuti Genesi 1:28, ndinotenda kuti ndiyo, “Pakanga pasati pave nemunhu wekurima ivhu,” zvino Mwari vakanga vatogadzira murume nomukadzi. Ndizvozvo, “Hapana munhu anorima ivhu.”

⁸²⁵ Zvino Mwari vakadzikisa munhu pasi zvisvishoma ndokumuisa muhupenyu hwemhuka, unova iwo mutumbi uno, sezvakangoita mhuka kuitira kuti agone kurima ivhu, agone kubata. Tiyofani

iyoyo haibati, haione, kuravira, kunhuwidza, kunzwa; pfungwa idzi dzatinadzo. Saka Mwari vakaisa munhu zasi uko kuitira kuti—kuti abate uye agonzwa nekubata.

⁸²⁶ Uye—uye paaifamba nemubindu reEdheni, kutanga setiyofani (seMweya Mutsvene uri muno zvino uchifamba muno), yakatungamirira hupenyu hwemhuka. Waitonga zvinhu zvose, asi waisakwanisa kurima ivhu, munoono. Saka Mwari vakamuisa munyama kuitira kuti azogona kurima ivhu. Ndokumupa pfungwa dzake shanu, kuti arime ivhu nekugadzirisa mi—minda yemizambiringa ne—nezvimwe zvakadaro, uyezve murume akanga achiri kutaridzika kuve akasurukirwa. Oo, uyu mufananidzo wakanaka.

⁸²⁷ Tarisai, nekuti paakagadzirwa kekutanga, akaitwa vanhu vaviri pamwe chete. Akaitwa zvose murume nomukadzi, munhu aive akadaro. Bhaibheri rakati akanga akadaro. Mwari vakaita munhu zvose murume nomukadzi, “Vakamusika.” Cherechedzai zvino, munhu paakapatsanurwa kubva patiyofani ndokuiswa munyama, aive—aive asiri iye wese ipapo; chikamu chehunhu hwake chaive chiri tiyofani, saka hazvina kutaridzika zvakanaka.

⁸²⁸ Hapo pakaenda hono nehadzi mumhou, hapo pakaenda bhiza, uye hapo pakaenda nzombe, hapo pakaenda zvimwe zvose, zviviri-zviviri. Asi Adhamu, iye...zvakaenda zviriviri... Munoono, pakanga paine chimwe chinhu chaishaikwa. Chishuvo chacho ichocho chakaridzika kuti paiva pane mumwe wake akamumirira. Mazvibata here? Uye pfungwa dzacho chaidzo dzekuti tinofanira kufira pano, dzekuti tiri kunetseka uye nekuvhiringidzika, uye tinoshuvira Hupenyu husina rufu, zvinoratidza kuti hwakatimirira. Maona?

⁸²⁹ Zvino Adhamu akanga akasurukirwa. Uye Mwari, kuratidza kuti vaisagona kupatsanurwa...Zvino ndichadzokera muchinhu chimwe chete ichi, kwechinguvana chete.

⁸³⁰ Tarisai, haVana kumboenda kunotora ivhu ndokugadzira Evha, asi Vakagadzira kubva pavhu repamavambo, Adhamu. Vakatora mbabvu kubva padivi pake ndokumugadzirira mubatsiri, zvino akanga ari Evha. Akagadzirirwa murume, uye chikamu chemurume. Aive chikamu chake pakutanga, mukusikwa, mutiyofani. Akanga ari chikamu chake zasi kuno mukusikwa uku. Aisagona kupatsanurwa mune kumwe kusikwa, aitofanira kugadzirwa mukusikwa kumwe chete.

⁸³¹ Ndicho chikonzero nei Kristu naMwari vaifanira kuva Munhu mumwe chete chaye, hazvaigona kuva zvakaasiyana. Dai Aiva murume akanaka kana muporofita, Angadai asina kuva Mudzikinuri; Aifanira kuva Musiki pachaKe. Asi Achiri tiyofani zvino, munoono, uye nenzira yaAiva panguva iyoyo.

⁸³² Zvino mumwe murume akauya zasi kuno uye iye—iye akanga akanaka kwazvo; uye Mwari vakazvida izvozvo, Vakati,

“Zvakanaka, ngavave panyika uye vagarepo nekusingaperi. Ndizvo zvoga; ne—neKusingaperi, zvichienda nekuenda nekuenda. Regai zvingokure, uye chirimwa chose chibereke, uye nechinhu chose saizvozvo. Uye munhu ngaarame, uye mhuka dzirame, nezvimwe zvose, nokusingaperi-peri. Izvozvo zvakanaka.” Maona?

⁸³³ Ndokubva chivi chapinda. Zvino ndinoda kuita chirevo ichi. Mu. . . Vanhu vazhinji kwazvo vanoita mhosho yakaipa kwazvo paGwaro rimwe chete iri, uye ipapo pana Mapisarema 23. VanoRiverenga sezvizvi, “Zvirokwazvo, kunyange ndikafamba nemumupata une *rima* wemumvuri werufu.” Zvino, hakuna chinhu chakadaro. Bhaibheri haritauri, kuti, “Mumvuri une rima wemupata . . . mupata une rima wemimvuri yerufu.”

⁸³⁴ Rinoti, “Kunyange ndikafamba nomumupata womumvuri worufu.” Zvino, usati wava mumvuri, ufanira kuva nechiedza kugadzira mumvuri. Munooni, Dhavhidhi ari muporofita uye ari pasi pechizoro, haana kukanganisa, akangotaura Chokwadi: “Hongu, kunyange ini. . .” kwete, kufamba nomumupata une *rima*, asi, “nomumupata wemimvuri yerufu.”

⁸³⁵ Zvino ufanira kuva nechimwe chikamu chechiedza kuti ugadzire mumvuri. Uye ndizvo zvazviri pano. Isu tiri zvose venyama nevemweya. Mutumbi uno uri pasi perufu, uye wakaunzwa nemukadzi; kwete nechimwe chinhu asi kubudikidza. . . Kwete naMwari, uri chibereko chakabva kuna Adhamu naEvha. Ungava mutema, muchena, kana chero zvauri, uri chibereko, chibereko chakabva kuna Adhamu naEvha. Ndizvo zvinoita muviri wako “wakaberekerwa muchivi, ukaumbwa mukusarurama, ukauya munyika uchitaura nhema.” Wakatoparara uye wakapomerwa pakutanga kwehupenyu hwako, hapana kana, hapatorina mukana.

⁸³⁶ Zvino, nokuti mweya wauinawo wakauya kwauri nemasikirwe, uye nemasikirwe unobva pakusangana pabonde, chishuwo chevarume nevakadzi chinobereka mwana wepanyika. Uye regai mwana iyeye ari oga, uye musamudzidzise chinhu chakanaka, anoita zvakaipa. Morega kumudzidzisa chakanaka kana chakaipa, anatora zvisirizvo. Nekuti hunhu hwake kuita zvakadaro.

⁸³⁷ Tarisa mwana mudiki wakare, asina kureba *sekudai*, anongopenga kwazvo; anongo. . . iye—iye anomonya maoko ake, nokutsvuka kumeso, ombomira kufema. Chokwadi. Chii? Ndiwo hunhu hwake. Akahuwana kubva kuna baba vake kana amai vake, mumwe; akanga aine hasha dzakakwana dzokurwa nesaha remagetsi, kana baba vake. Kana ivo vainge vasina, sekuru vake kana ambuya vakadaro. Munooni, chibereko.

⁸³⁸ Saka zvinoita. . . Wakabarwa munyika. Unouya nemasikirwe, uye iwe wese pazima uri mutema uye uzere

netsvina, uye wakaparara, uye wakatukwa uye uchienda kugehena. Ndizvozvo chaizvo!

⁸³⁹ Asi kana wazvarwa patsva, zvino Chiedza chaMwari chinovhenekera zasi mumweya iwoyo (hareruya) zvino hausisiri mupata une rima, asi mupata une mumvuri mauri. Unogona kunge wakafukidzwa pano nenyama, nezvinhu zviri pamusoro pechiso chedu, asi mune Chiedza chakakwana imomo. Uye rimwe zuva Chiedza ichocho nerima zvinofanira kupatsanurwa! Zvino kana chiedza chikapenya, rima rinotiza. Zvino patinoenda kunova naKristu mumutumbi iwoyo, rima nerufu zvinoyangadika, uye tinobva tapinda muChiedza chakakwana. Mwari ngaVarumbidzwe! Hezvoka izvo; hapachisina hurwere, hapachisina rima rakasanganiswa nacho.

⁸⁴⁰ Iye zvino tine zvese hurwere nemufaro, uye tine hutano nesimba, uye tine nguva *dzakanaka nedzakaipa*, nenguva *dzemufaro* uye nenguva *dzekuderera*, nemufaro nekusuwa, nezvimwe zvakadaro. Zvakanaka, unongori mumvuri. Tine chiedza chakakwana kuziva kuti pane Chiedza ipapo; uye tichiri mumutumbi, munyama. Asi rimwe zuva Zuva racho richasvika. Ndipo apo mutumwa werufu anogara kutsoka kwemubhedha, ndipo apo chiremba anoti zvapera; uye zvepanyama zvino zvinobva pane zvemweya, uye chiedza chinodzokerazve kuChiedza, uye rima rinodzokerazve kune rima. Zvino ichi chinofa chinopfeka kusafa. Ndipo apo kuora kuno kunopfeka kusaora. Ndipo apo ichi chinofa chinopfeka kusafa, uye tinobva tabva pakuva chisikwa chenguva kuenda kuchisikwa chemuZiyendanakuenda. Haugone kuenda kunze ikoko nerima rakazara, unofanirwa kuva nechiedza murima. Hezvoka izvo. Ndiwo mutumbi waunogamuchira.

⁸⁴¹ Tinoita sei? Saka, hama yangu mutsvene anodikanwa, hanzvadzi yangu mutsvene anodikanwa, nyika isati yavambwa, Mwari pavakakusika nemufananidzo waVo, kana kuti vakasika mu—munhu mumufananidzo waVo, uye vakasika mukadzi nomufananidzo womurume kuitira kubwinya kwemurume, Vakakuita tiyofani. Zvakangoita iVo, paVakataura kuti “regai Isu” kuzvisikwa zvaVakanga vaita, “ngaTiitei munhu nemufananidzo weDu pacheDu, nemufananidzo weDu, tiyofani.” Mwari vakanga vasati vambova nyama, Vakanga vari mutiyofani.

⁸⁴² Zvino Mosesi akaVaona. Mosesi akachema, “Ishe, itai kuti ndiKuonei.”

⁸⁴³ Vakati, “Enda uko undovanda mudombo, muhwangwadza.” Zvino Mosesi akadzokera muhwangwadza iyoyo; zvino Mwari pavakapfuura nepo, mheni nokutinhira...Zvino Mwari pavakapfuura, Vakanga vaine musana waVo wakafuratira sezvizi.

Zvino Mosesi akati, “Waive musana weMunhu.” Hareruya!

⁸⁴⁴ Aiva ani? Merkizedheki akaburuka, Mambo weSaremi, asina baba kana mai, asina mavambo amazuva kana kuguma kwehupenyu. Ndiye waCho! Uye Akaburuka. Ndiye Uyo akataura naAbrahama; akaZviunganidzira mutumbi muduku wenyama saizvozvo, uye “Fiyuu!” akafemera mauri, akapinda mauri, ndokuburuka akadya mhuru, akanwa mukaka wemhou, uye akadya bhata nechimodho. NeNgirozi mbiri.

⁸⁴⁵ Zvino pavakafamba vachienda kunze ikoko, uye zvinhu zvose izvozvo ndokungoti, “Fiyuu!” vakabva vanyangadika ndokuenda.

⁸⁴⁶ Handina kumbofunga nezvazvo. Kuno imwe nguva yapfura, ndichiisa unga mukasha yepfuti, ndakanga ndine pfuti ye .22, iri .220 Swift. Uye imi hama dzinoita zvepfuti dziri muno munoziva. Bara duku, ibara rehuremu hwemakumi mana nemasere, rakareba zvakangoda *kudai*, bara ramazuva ose re .22. Rinozadzwa potse nesimba renyere ye .30-06. Zvino ini . . . Fekitari inongogadzira kuti risvike kumafiti zviuru zvina zvine mazana mana pasekondi. Zvakanaka, asi unogona kuisa hwakakwana . . . wohuisa iwe pachako, uye unogona kuhuisa kusvika kumafiti zviuru zvishanu pasekondi. Uye— uye zvikadar, kana wanga uchipfura . . . Taipfura, rimwe zuva, pamayadhi mazana maviri, zvino bara rakanga richirova huruva, raibhururuka pfuti isati yamboita maungira. Ndiko kukurumidza kwaro.

⁸⁴⁷ Ukabva watora chekunon’onesa mazino (munoziva, kuchikamu kwakati pwasharara kwechekunon’onesa mazino) wopinza muunga hwako watora chinhu ichocho chizere neunga, tutsanga tuduku tuna kana tushanu, wotuisa pamusoro ipapo, wobva waisa bara rako imomo. Womira pano, zvino une bara muruoko rwako kwesekondi. Wopfura kunze uko patsindi yepasi yakagara mafiti mazana maviri kubva pauri, uye tsindi haina kana kumbopfakanyika. Bara rinodzokera kumamiriro aro epakutanga, kudzokera kumagasi. Herino bara remhangura nemutobvu zvakasanganiswa pamwe chete, uye kamwekamwe, radzokera kusvika hauchazoriwana zvakare. Radzokera sezvaraive makore mabhiri yoni zana akapfuura, kudzokera kumagasi. Magasi iwayo anofanira kudzoka mumhangura nemumutobvu, nezvimwe zvakadar, saizvozvo. Magasi iwayo anofanira kugadzana.

⁸⁴⁸ Zvino, hezvoka izvo. Ndiyo nzira yatiri pano, tinobva kumunhu wepamusoro. Pamavambo taiva mumufananidzo waMwari. Chidzitiro nerima zvinotitadzisa kuzviziva zvino. Asi Jesu akaudza vadzidzi vake kuti Iye “aiva navo nyika isati yavambwa.” Maona? Taivapo! Haugone kuzviziva zvino, asi waive pamavambo. “Uye kana tabhenakeri ino yepanyika ikaparadzwa, tine imwe yakatomirira!” Hareruya! Uye zvararo tinopinda mutiyofani iyi, yataimborarama mairi, kuti tigodya

nokukwazisana maoko. Uye mweya iri pasi peartari inochema, “Kusvikira riniko, Ishe?”

849 Kune matanho manomwe anoenda kuna Mwari, eMweya minomwe pa—paUnoburuka. Zvakana, paunoenda pasi peartari yaMwari, vaichema, “Ishe, kusvikira rinhiko? Tinogona kudzokera here, kupfuura nezasi kuno?”

850 Mwari vakati, “Kwechinguva chiduku chete, kusvikira hama dzenyu dzatambudzika zvakafanana nezvamakatambudzika.” Maona?

851 Uyezve mweya inodzokazve, zvino vova varume nevakadzi zvakare, uye vorarama nokusingaperi kana rima rose nerufu nehurwere nekusuwa kwerima zvanyangadika; hapachisinazve mumvuri, chiedza chezuva zvachose!

852 Teererai. Hezvinoi zvazviri. Regai kuve nerima sezvakungada kuva; hakugoni kuzova nerima gursa kusvikira zuva richapwanya chidimbu chose cherima. Rima nechiedza hazvigoni kugara nguva refu pamwe chete. Nokuti . . . Ndechipi chine simba guru? Chiedza. Uye kana chiedza chikapenya, rima rinotiza. Amen. Hamusi kufara here? Hamusi kufara here kuti munoziva? Pasina kupokana, hapana mumvuri chero papi zvapo. Asi Chiedza chakaropafadzwa ichi chiri mumwoyo yedu iko zvino, chimwe chinhu chinopurira: Mwanakomana waMwari, simba raMwari.

853 Zvino tinofamba pano, toona simba reMweya Mutsvene richidzika uye richipinda mumusanganano, uye woti, “Ndimi Mai *Nhingi-nhingi*, kuti makaita *chimwe* chinhu, pane *imwe* nzvimbo. Manga muchinetswa neizvi kwenguva refu *yakadai*, asi ZVANZI NAJEHOVHA, ‘Mirai netsoka dzenyu, mapodzwa.’” Uye chirema nebofu vosimuka netsoka dzavo. Uye munhu angosara ari mumvuri, akadyiwa nekenza, anomuka kuhupenyu nehutano hutsva zvakare.

854 Pasina kupokana, Jesu akati, “Zvinhu izvi zvaNdinoita, nemiwo muchazviita.” Uye Akati, “Hapana chandinoita kusvikira Baba vaNdiratidza.”

855 Chii icho? Ndicho Chiedza chakauya chichivhengana nerima rino, munoona, kuzotidzikinura. Mabata zvandiri kureva?

856 Zvino, rimwe zuva chinodzokera ikoko chaiko, uye zvararo kana tiyofani yava nyama isingafe zvakare sezvayaive pakutanga, ipapo Jesu anouya, uye Mwari . . . apo Kristu achava mumwe. Kristu achagara paChigaro choushe, uye vanhu vose vachava vanhu. Kristu achava pachigaro choushe chaDhavhidhi, Murume, Ishe Jesu; asingazombofi. Hatizombofi takafara, hatizombofi takarwara, hatizofi takasuruvara, uye ticharama nemuchiuru chemakore.

857 Zvino kana chiuru chemakore chapera panyika ino, zvino ipapo dhiabhorosi anouya; uye rumuko rwechipiri

rwunouya, rumuko rwevasina kururama. Vanounganidza hondo huru sejecha regungwa, uye vanokwira kuzokomba musasa wevatsvene, uye kana zvadaro, Mwari vanonayisa moto nesuruferi kubva kudenga uye ovaparadza.

⁸⁵⁸ Zvino Johane akati, “Ndakaona denga idzva nyenika itsva, nokuti denga rokutanga nyenika yokutanga zvakanga zvapfuura, uye gungwa rakanga risisipo. Uye ini, Johane, ndakaona Guta Dzvene, Jerusarema Idzva, richiburuka kubva kuna Mwari richibva Kudenga, rakagadzirirwa semwenga akashongedzerwa murume wake.” Hezvoka izvo.

⁸⁵⁹ Ipapo akati, “Mudzimai . . . Gwayana neMwenga vachange varipo nokusingaperi.” Kuchava nyenika itsva, yemamiriyoni nemamiriyoni emaira akapetwa. Oo, ini zvangu. Guta, Bhaibheri rinoyera Guta remamaera zviuru gumi nezvishanu zvakapetwa. Rakareba mamaira zviuru gumi nezvishanu, rakafara mamaira zviuru gumi nezvishanu, nezviuru gumi nezvishanu kuenda mudenga. Ndiyo rondedzero chaiyo inopihwa neBhaibheri nezve Guta. Ndosaka kuchisinazve gungwa, kwainge kuchisina nzvimbo yaro.

⁸⁶⁰ Oo, kuchava nerunako kwazvo! Uye imomo, pane chitubu paChigaro chehushe chaMwari chaipo, chinoyerera pamberi peChigaro chehushe. Kune muti kumativi maviri emuti . . . erwizi rweUpenyu. Uye mumuti uyu munogara mhando gumi nembiri dzemichero, uye unobereka michero yawo mwedzi wega-wega.

⁸⁶¹ Hevano vakuru makumi maviri nevana. Heunoi Mwenga. Havo vane zviuru zvinamakumi mana nezvina, mayunaki emutemberi. Oo hama, tiri kuenda kune imwe nzvimbo! Zvinhu zvakatimirira mberi. Iwo mana . . . Vakuru makumi maviri nevana. Mayunaki zviuru zana zvinamakumi mana nezvina. Mwenga agere naKristu. Ini zvangu, ungataura . . . Musha wangu, Musha unotapira! Amen.

⁸⁶² Kufunga kuti ndine mukana wekuendako, uye iwe une mukana wekuendako. Uye ungasarudzirei kufamba murima iri uye worega kuona Chiedza, zvino wofa wopinda munyonganyonga wosara usiri chinhu? Nokuti kana Chiedza chatora simba racho repamusoro-soro, hapana nzvimbo yerima. Enda unotsvaga kwaenda rima kana chiedza chauya. Ndipo apo pacho, kana zvinhu zvese zvadzoserwa kuna Mwari. Raiva, rima rakava nemavambo, rima rine magumo. Chiedza hachina kumbova nemavambo kana icho hachizombove nemagumo. Mwari havana kumbova nemavambo kana kumbova nemagumo. Saka, rimwe zuva, nyika yose yakashata nezvivi zvayo zvose nerunako rwayo, sekudaidzwa kwazvo, uye nezvese zvayo zvinofadza uye nezvinotekenyedza, uye nekwese kuyevedza kwayo nezvinhu zvose zvichanyangadika zvokusara pachisina chinhu, uye hazvizovepo zvachose. Hazvizovepo, hazvizombofungwi nezvazvo! Rakati, zvokuti, “Hazvitombouyi mundangariro zvakare.”

⁸⁶³ Asi vakaropafadzwa vaJehovha vachava naYe nguva dzose. Tichava nemutumbi wakafanana nemutumbi waKe Omene wakabwinyiswa; uye torarama pamwe naYe, nekudya pamwe naYe, nekugara pamwe naYe, uye togara pamwe naYe nokusingaperi-peri uye kwenguva isingaverengeki; uye mazera Asingagumi achapfuurira mberi nenyika isina magumo.

⁸⁶⁴ Uye une sarudzo manheru ano. Kana usina kugadzirira kusangana nenzvimbo iyoyo, zvisinei nokuti unoenda zvakadini kuchechi, kuti uri nhengo yakanaka sei, wakarasika kusvikira Kristu akupa Hupenyu hutsva murima iroro raunofamba mariri. Unogona kunge uri munamati. Uri munamati, teererai, shamwari, chitendero ndechenjere. Maona? Vana vese vaKaini vakagara vaine chinamoto. MaJudha iwayo aive nechitendero pakauya Jesu, asi vakaramba ruponeso.

⁸⁶⁵ Unogona kunge uri munamati zvakananyanya manheru ano. Unogona kunge uri muPresbyteriani, Methodisti, muPentekosti, Nazarene, Pilgrim Holiness. Unogona kunge uchingova munamati; woenda kuchechi yako unopupura, unogona kuimba nekudanidzira nekurumbidza Jehovha, unogona kuunza chegumi chako kuchechi, unogona kubata mukidzani wako zvakanaka, izvozvo hazvinei nechokuita nekwaauri kuenda muna Ziyendanakuenda. Kaini akaita zvese izvozvo. Zvemazvirokwazvo.

⁸⁶⁶ Bhaibheri rakataura kuti “gorosi namashawi zvinokura pamwe chete.” Gorosi duku rekare rigere, riri kuziya nenyota richida mvura, uye neru—rukato rwuriwo zvakare. Kana mvura inonaya yauya, rukato rwunongofarawo kuwana mvura sezviri gorosi. “Asi, nezvibereko zvavo, muchavaziva.”

Zvino ngatinamatei muchiongorora zvibereko zvenyu:

⁸⁶⁷ Zvino, Mwari Baba, paita mibvunzo yakaoma pano manheru ano. Ndinogona kunge ndisina kuita chinhu chakafanira, asi nekuzivisisa kwangu; Munoziva mwoyo wangu. Ndinonamata, Mwari, kuti Muzvigamuchire. Uye zvino, pamwe, mune mimwe yemibvunzo iyi, kana ndisina kuigadzirisa zvakanaka, zvino iMi taurai kumwoyo yevanhu, uye iMi chingoitai kuti ive sezvainofanira kunge iri. Ndinonzwa kuti Mandiudza. Asi kana ndiri kukanganisa, zvino Mundiregerere.

⁸⁶⁸ Uye ndinonamata, Mwari, kuti mumwe nomumwe weava atore zvinhu izvi mumwoyo mavo, uye dai vafungisisa pamusoro pazvo uye vafunge seizvi, “Hongu, heyo chechi, hezvo zvinhu zvacho. Ndizvo zvakataurwa neBhaibheri.”

⁸⁶⁹ Pamwe madzimai, Ishe, Munoziva kuti ndanga ndisina wandakananga nekuvaudza. Asi, Mwari, ndi—ndinoda hanzvadzi dzangu, uye Munozviva izvozvo, Baba. Munoziva kuti ndinovafunga sei. Asi kuti ndimire ndivaudze chimwe chinhu chisicho, ndingazova mu—munyengeri kwavari. Handishuviri kuva munyengeri kuhanzvadzi dzangu, ndinoda

kuvaudza Chokwadi. Uye, Baba, ndinoZvitora kubva chaimo muShoko reNyu.

⁸⁷⁰ Uye zvino handipomeri hama dzangu, asi, Ishe, ndinoti vainge vachikanganisa pavakatendera zvinhu izvi. Uye kana mudzimai wacho aiziva zvakasiyana zvino oenda kunozviita, zvino zvirikwaari, mufundisi haana mhosva.

⁸⁷¹ Abha Baba, zvinhu izvozvo iShoko reNyu, uye ndezeveNyu. Zvino iMi chitaurai kumoyo yavanhu. Ndinovaisa vose kwaMuri. Ndichaona zvaMunozoitika, Baba; Munozivika. Taurai kumoyo wega-wega. Takumbira nemuZita raKristu.

Uye takakotamisa misoro yedu:

⁸⁷² Handizivi kana mumwe munhu angasimudza ruoko rwake, oti, “Hama Branham, chingondirangariraiwo kuti ndizogona kuva mukundi zvazazara, uye pazuva rokupedzisira ndipfeke hanzu yemuchato uye ndova naKristu.” Ungasimudza ruoko rwako here, uti, “Ndinyengeterereiwo?”

⁸⁷³ Munhu wose ramba wakatsikitsira musoro wako zvino, uye wongokotama. Mwari vakuropafadzei, zvakanaka. Apo, Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi dzangu; uye nehama dzangu, zvakare, nokusimudza maoko enyu. Zvakaisvonakisa.

⁸⁷⁴ Zvino, Baba, Munooni maoko avo. (Ndinozivika, dzimwe nguva unofunga, “Saka, kamunamato kadiki kakadaro?”) Mwari, ndiri kufunga nezvaamai vana, vakati nezuro, “Kamunamato kadiki mumba mavo zuva riya apo mukomana uya akanga ava kufa, mavhiki matatu ekurarama, bundu rakaipa riya pauropi, uye zvino kushandura zvinhu.”

⁸⁷⁵ Ndinofunga nezvaHezekia, akazendamisa chiso chake kumadziro, uye achichema, “Ishe, ndinoKukumbirai, ndinzwireiwo tsitsi. Ndicherechedzeiwo, nokuti ndakafamba pamberi peNyu nemoyo wakakwana.” Zvakashanduka kubva murufu kuenda kuhupenyu.

⁸⁷⁶ Kudanidzira kumwe chete kubva kuMwanakomana waMwari, “Razaro, buda!” zvino murume akafa akabuda.

⁸⁷⁷ O Mwari, Makati, “Taurai, kumbirai, uye zvichapihwa. Paunotaura chero chinhu, tenda kuti zvauro kutaura zvinoitika, uchawana zvawataura.”

⁸⁷⁸ Zvino, Baba, ndinonamata kuti mumwe nomumwe asimudza ruoko rwake vagamuchire chavasimudzira maoko avo. Uye dai varopafadzwa. Uye Mwari, ndinonamata kuti Muchabatsira hanzvadzi dzedu, kuti vazove...ngavazvibate, zvokuti Satani kubudikidza neterevhizheni nemamagazini eNyaya Dzechokwadi nezvimwe zvakanaka, izvo zvakanabatwa zvisina tsarukano, nezvirongwa zvisina kupepetwa, zvokuti tsvina nezvinyadzi pamatererevhizheni nezvimwe zvakanaka, izvo zvaizo...Zvaizogona kunge zvirikwaari mudziyo wekuhwina nawo mamiriyoni emweya kwaMuri, asi kuti hazvina kupepetwa,

uye nekuburitsa zvinhu zvese izvi zvakasviba izvo ivo...Oo, zvinosiririsa kwazvo! Nekuziva kuti mweya wadhiyabhore wapinda uye nekweise-kweise pahanzvadzi dzedu, uye vari kuedza kuvaita kuti vaite pamwe nekupfeka saizvozvo.

⁸⁷⁹ Uye tinoona kuti mune...muhamu dzeduwo, zvakare, Ishe, zvokuti vanotoona kuti vanogona kuputa nekunwa, uye nekuenderera mberi saizvozvo, uye voramba vari Makristu nekuti vanoti “vanotenda.” Itai kuti vazive kuti “dhiyabhore anotendawo, zvakare.” Asi haana kuponeswa, “anotenda uye anodendera.”

⁸⁸⁰ Uye zvino, Baba, tinonamata kuti Mugova netsitsi kwatiri tose, uye mutiregererewo zvivi zvedu, uye pamwe vamwe havana kusimudza maoko avo, O Mwari, ivai netsitsi. Dai mukana unotevera wavanowana, dai vakasimudza maoko avo.

⁸⁸¹ Tiri kugadzirira kutora chirairo, Ishe. Tiregerereiwo pane zvatakakanganisa nezvakapfuura zvedu zvehupenyu. Uye dai tagamuchira zveropafadzo reNyū, nokuti tazvikumbira nemuZita raKristu. Amenii.

⁸⁸² Ishe vakuropafadzei. Ndine hurombo nekukuchengetai zvakadai. Handisi kungoziva, tisati tadya chirairo, kana paine auya kuzonamatirwa, angada kunamatirwa, zvakanaka, tingafara kuita izvozvo panguva ino chaiyo, kana paine anoda kunamatirwa.

⁸⁸³ Zvakanaka, hama, vaunzei kumusoro chaiko, zvichange zvakanaka. Uye kwechinguvana, uye zvakare isu ticha—isu tichaparadzana. Uye zvadaro kana taparadzana, zvino avo vanoda kusara vachiitira chirairo, vanogona kusara. Asi iko zvino tichanamatira vanorwara. Bhaibheri rakati kudii?

⁸⁸⁴ Kana hama isingagone kusimuka...Zvakanaka, ingovaregai vagare ipapo, tichauya kwavari. Zvakanaka, ingovaregai vakagara ipapo. Zvino tichauya zasi kuzovanamatira. Zvakanaka. Zvakanaka, changamire, chingovaregai—varegei vagare ipapo. Zvakavaomera kuti vamire pano, saka, tichafara kuuya kwavari chaiko.

⁸⁸⁵ Zvino ndinoda kutaura chirevo chidiki ichi chimwe chete, shamwari yangu inodikanwa. Munoonu, ndi—ndinoziva kuti Ishe vakaratidza izvi nguva nenguva kakawanda kwazo. Maona? Ini handisi muparidzi zvakananyanya, handina dzidzo nezvimwe zvakadaro. Ndinoda Ishe Jesu, Mwari vanoziva kuti ndinoVada. Asi chinhu chimwe chete chandakadanirwa kuita, kunamatira vanorwara. Munozvitenda here? Kunyange ndisati ndatomboziva nezve chipo, ndaisienda kunze kuno kuchipatara; uye ndinorangarira vanamukoti vachiti, “Zvino uchapora.” Maona? Uye chingori chimwe chinhu, icho Mwari vanga vachindiitira nyasha huru kwazvo kuremekedza minamoto yangu kuvanhu.

⁸⁸⁶ Ndinofungidzira, manheru ano, kana dai kwaidanwa, kungodanidzira pasi rose kunoenda kwese-kwese munyika. Uye zvonzi, munhu wese akanamatirwa naHama Branham, huya pano, ndinoda kuti upe mhinduro kuhurumende yeUnited States, netsamba. Zvino izvozvo zvinenge zviru nhepfenyuro yepasi rose. Ndinofungidzira, pamwe vanhu mamiriyoni mana kana mashanu vaizopindura kudanwa ikoko dai kwaizivikanwa. Maona?

⁸⁸⁷ Zvino vanhu ivavo, kana vamwe vavo vakanga vakatofa kare, varadzikwa kunze nachiremba, ne—neuyo anoviga vakafa. Vamwe vavo vakauraiwa mutsaona; vamwe vavo vakafa rufu rwamazuva ese. Vamwe vavo mapofu, vakaoma mitezo, vakaremara, vakamonyana, vanotambudzwa, mupfungwa... muzvipatara, vasingatomboziva kuti tiri muchipatara kuti tivanamatire. Vaivaunza mukati, wotofanira kuvatora. Vairwisa nzira yavo vachipinda uye vozvicheka-cheka kuita zvidimbu, uye asingatombozivi kuti ari kupi. Mumaminitsi mashanu, vova vanhu vanotarisirwa, vanotapira, vane rudo, uye vane pfungwa dzakakwana mazuva avo ese. Maona?

⁸⁸⁸ Ndizvo... Chii? Havasi Hama Branham. NdiJesu Kristu, Akandituma kuti ndinamatire vanorwara. Zvino hezvinoi zvazviri. Hazvina kunyanya kubudirira muJeffersonville, nokuti, hechi chikonzero. Zvino, ndinoda kuti muzive kuti ndine dzimwe shamwari dzangu dzepedyosa uye dzepamwoyo dziri muno chaimo muguta rino. Kunyange zvazvo guta pacharo, chinhano cheguta, ini handichifariri. Handifarire chinhano ichi, uye handina kumbobvira ndakadaro; pandakanga ndichiri mukomana mudiki, ndakagara, ndichiverenga mabhuku angu enhoroondo, ndakati, “Rimwe zuva ndichabva pano.” Maona?

⁸⁸⁹ Handifariri Jeffersonville, idoro, iri zasi muno umu. Ingori yakazara machakwi, uye—uye yakaipa kwazvo. Enda kumusoro kuno pamusoro peSpickert Knobs kana kumwewo, uye wotarisa zasi kuNew Albany neJeffersonville, kana uchida kuona. Tarisai pano, vanachiremba vari kutoti zvino, kuti, “Vanhu vemumupata uno vave kupererwa neropa nekuda kwechimiro ichochi.”

⁸⁹⁰ Mumwe mudzimai mudiki kumusoro kuno, Mai Morgan, vakapodzwa kenza, vakaenda neimbwa yavo kuno kukiriniki, vakafunga kuti yakanga ine gwembe. Munoziva kuti chaiva chii? Zvinodonhera pasi zvaibva kwaColgate nezvinhu zvaive pamasora payakapfuura napo. Ndiyo nzvimbo isina hutano zvakananyisa.

⁸⁹¹ Mumwe muchinda akanga ari muMawuto, akaenda zasi kuno uye akawana... Aiva neasima. Akaenda zasi kuno kuFlorida zvino maziso ake akava matema chaizvo, ndokuenda kuna chiremba, zvino akati, “Chiremba... ”

⁸⁹² Chiremba akati, “Zvino, wanga uchirwa, wanga usiri here?”

893 Akati, “Kwete, changamire, ndanga ndisiri.”

894 Kana muchida kuziva kuti ndiani, zita rake ndiHerby. Zvino, kana ndikangogona kufunga...Nde—ndemuUnion National Bank, muNew Albany, mubati wemari mubhanga. Chingoenda ikoko unooka anonzi “Herby,” umubvunze.

895 Zvino akati...Akaenda, akati, “Chiremba,” akati, “Ndine sainasi.”

896 Zvino akamuongorora, akati, “Ndizvozvo.” Akati, “Ndafunga kuti wambenge uchirwa.” Akati, “Mukomana, unogara kupi?”

897 Akati, “Munogona kunge musingazivi nzvimbo yacho,” akati, “ndinogara muguta duku mhiri kweLouisville, Kentucky, rironzi New Albany, Indiana.”

898 Akati, “Unoreva kundiudza kuti wakava nedambudziko resainasi kubva mumvura iyi ine munyu yemuno muMiami, kubva pakuuya?” Akati, “Kana waikwanisa kugara muJeffersonville, Indiana, kana New Albany, Indiana, unogona kugara chero kupi zvako pasi rose uko mauto eUnited States angakutumira.” Ndizvo zvoga. Maona?

899 Ndiyo nzvimbo isina hutano zvakanyanyisa pasi rose, yandinoziva nezvayo, kunze kwekunge iri mune rimwe doro rine marariya. Maona? Uye ndi—ndi—ndi—ndine shamwari muno.

900 Tarisai pano, ndinogona kutongovadaidza seizvi. Tarisai Chiremba Sam Adair, shamwari yangu. Zvakanaka, pana Mike Egan, agere apo. Oo, ini zvangu, vangani vandingadoma! Angori mazana eshamwari dzakanaka chaidzo, madzisahwira angu ekare, andakatamba...Hazvina mhosva kuti ishamwari ngani itsva dzandinowana, hapana chinhu chinotora nzvimbo kubva kushamwari yekare. Munozviziva.

901 Havo amai vangu vachembera vakagara kumashure uko, havachisina mazuva akawanda panyika, vava nemakore ekumakumi matanhatu zvino. Havo amai vomudzimai wangu, makumi manomwe, vave kupinda mumakumi manomwe nerimwe; vagere kumashure kuno pane imwe nzvimbo, ndinofunga, manheru ano. Uye ipapo, kuvasiya. Baba vangu vakavigwa kumusoro kuno; mudzimai akavigwa kuno kuWalnut Ridge; mwana wangu akarara kunze uko. Munooka zvandiri kureva?

902 Ini—ini—ini handidi...Ini—ini—ini—ini handidi zvokugara pano, uye ndinotenda kuti munguva pfupi, pakarepo, ndichatofanira kuenda. Munooka, nokuti zvanga zvichiuya kwandiri, ndinotaura izvi papurupiti uye neBhaibheri rangu, nguva dzose.

903 Pandakaudza mudzimai wangu, pavakatipa mari yekuvaka imba yemufundisi yandakadzorera kucheche ino...Imba

yemufundisi iyoyo ndeye chechi ino; enda zasi kuno, uone kana zvisiri izvo. Munoono, handaizoitora ini pachangu.

⁹⁰⁴ Zvino, pandakanga ndava kunovaka ipapo, Meda akati, “Ndinoda kugara kuno nekuda kwaamai vangu.”

⁹⁰⁵ Ndakati, “Mudiwa, sechokwadi sezvatinoita, tichademba pamusoro pazvo. Unoono, hazvitongoshande. Mwari vakati, ‘Zvipatsanure,’ ndinofanira kuzviita.”

⁹⁰⁶ Ndokuti, “Saka, amai vangu!”

⁹⁰⁷ Ndikati, “Ami vanguwo, zvakare. ‘Asi uyo asingasiyi vokwake, uye oNditevera, haana kukodzera kunzi waNgu.’ Uye ichokwadi.”

⁹⁰⁸ Rimwe zuva, munguva pfupi, ndinonzwa kuti ndichafanira kutama, kureva kuti, kubva ndichienda. Asi heino nzira, misangano haizoshande pano. Haizoshande sezvainoita chero kumwe kunhu kwese, uye chero munhu akambopinda mumusangano anoziva kuti ichokwadi, nekuti ndemuno chaimo muguta rekumusha kwangu. Ndizvo chaizvo.

⁹⁰⁹ Jesu akataura zvimwe chete paAkauya.

⁹¹⁰ Vakati, “Ndianiko muchinda uyu? Haasi here mukomana wemuvezi wemapuranga kunze kuno? Akamboenda kuchikoro chipi? Akawanepi dzidzo iyi? Zvino rega ndikuone uchiita... Wakati wakaita minana kuno uku, rega ndikuone uchiita zvimwe chete pano. Zvawakaita muKapenaume, rega ndikuone uchizviita pano.”

⁹¹¹ Jesu akati... “Akashamisika nekusatenda kwavo.” Akacheuka ndokuti, “Zvirokwazvo, zvirokwazvo, Ndinoti kwamuri, muporofita haashaiwe mubairo kunze kwekunge ari pakati pevanhu vekwake munyika yake.” Ndizvo here?

⁹¹² Uye tinoziva... tarisai pane... Torai Finney, torai Sankey, Moody; torai John Wesley, haana kumbokwanisa kuzviita, munoono, kusvikira asiya nyika yake. Tarisai kuna—tarisai kuna—kuna—kuna Moody. Apo Moody, mugadziri weshangu wekuBoston, akatadza kuenda zvachose, akauya kuChicago asati ava nemukurumbira. Maona? Aifanira kuuwana abva kune vekwake. Unotozofanira kuzviita nguva dzose.

⁹¹³ Asi zvino, pano, Mwari vachapindura munamato kana mukakanganwa kuti ndiWilliam Branham (Maona?), kana mukakanganwa kuti ndiWilliam Branham ane chekuita mazviri, anongori mumwewo anomira achikunamatirai. NdiJesu Kristu akatoita zvawakumbira kuita, kana ukangozvitenda. Maona? Hachisi chero chinhu chine chekuita... Ini handina chekuita nazvo, kunze kwekungopupura. Asi zvichiita sekunge mushure mekukura pano nemi, uye munoziva hutera hwese hwandinahwo, nekukanganisa kwese kwandinako... Uye munoziva zvakaitwa naMwari, imo muno muguta rino.

914 Guta rino, nezuva rokutongwa, richapindurira mubhadharo mukuru rimwe zuva, nokuti kwakave nemazana nemazana ekupodzwa kwakatsaurwa pano chaipo (Ndizvozvo chaizvo.), ipo pano. Zviratidzo nezvishamiso, nekuonekwa kweMutumwa zasi uko, uye mapepa akazvibuditsa nezvose, uye zvakadaro vanhu hava . . . Sei zvakadaro?

915 Zvino rimwe zuva, ndichazobva pano. Handisi kuziva kuti: “Chii chichava magumo angu? Hwaperera here? Hwave kuda here? Ndine makore makumi mana nemasere. Hwave kuda kupera here?” Handizivi izvi. Kana zviri izvo . . .

916 Tarisai, sei nyika isina kucherechedza mufananidzo uyo uri apo? Sei vasina kuzvibata nekukurumidza chaiko? Sei vasingabati zvimwe zvinhu izvi? Sei vasingabati zviporofita izvi nezvinhu? Munoziva, ivo havagone kuzviita zvino, asi rimwe zuva ndichasiya nyika, uye kana ndaenda, zvino vachaZvicherechedza. Vamwe venyu imi vechidiki muchazvicherechedza mushure mekunge ndaenda. Maona? Asi Mwari havana kuzvitendera kuti zviitwe zvino. Onai izvo . . . munonzwisisa zvandiri kureva. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

917 . . . Rinongori bhenguru remusikana mudiki. Chero ani zvake anogona kuve naro. Uye ndinotenda Hama Sothmann vati vakasiya Bhaibheri pano nguva yavakapedzisira kuve pano, ndinotenda. Pane here akambowana Bhaibheri, bha—Bhaibheri rakarasika pano? Kana wakadaro, ndera Hama Fred Sothmann vanobva kuCanada. Zvino ngatinamatei.

918 Ishe, ivai netsitsi, apo mumhanzi uri kurira zvinotapira uye Hama Neville vari kuzofanira kuzodza namafuta, ndinoenda kunoturika maoko pamusoro pavarwere nemuZita raJesus. Zviitei, Ishe, kuti vapodzwe. Amen.

919 Munhu wose namata, zvino, munhu wose. Zvakanaka.

Ishe, mudiki uyu, sekuru vake vakamumirira pano. Anorwariswa nemukaka, mukaka wese. Asi iMi mune Simba rose uye muchinda mudiki haakwanise kuzvitendera pachake. Uye zvakare, Ishe, ndiri kumutendera, pamwe nevabereki uye nevabereki vevabereki zvino tinoti, nemuZita raJesus, kuti mwana iyeye achagona kunwa mukaka uye araramire mbiri yaMwari. Amen. Zvichava saizvozvo.

Oo, Mwari, anonamatira baba vake. Ndinonamata pamwe naye kuti Mupodze baba vake mugovapa izvo zवानoda, nemuZita raKristu. Amen.

920 Zvino, zviri nyore handizvo here? Vanhu vachinamata, asi ndizvo izvo vanhu . . . Vanotsvaga chinhu chikuru uye vanochiomesa. Mwari vanoita kuti zvive nyore. Unoita kuti zviome zvino wozvipotsa. Maona? Ingoita . . . Ngazvive nyore sezvatakaurwa naMwari: “Zviratidzo izvi zvichatevera avo

vanotenda; kana vakaisa maoko avo pamusoro pavanorwara, vachapora,” sezvakataurwa naMwari.

⁹²¹ Tinoisa maoko pamudzimai uyu, Ishe, iyi hanzvadzi yedu yakamira pano, uye dai aporeswa sekukumbira kwatinozviita, muZita raJesu Kristu. Ameni.

⁹²² Baba, patinoisa maoko edu pahanzvadzi yedu, nemuZita raJesu Kristu, mukurangarira Bhaibheri nedzidziso yaShe, dai apodzwa.

Baba, muZita raKristu, tinokumbira kupodzwa kwehanzvadzi yedu, uye ndinonamata kuti Muvapodze apo patiri kuteerera Shoko reNyu, hapana kana kupokana mupfungwa dzangu asi anokwanisa kuve . . . ? . . . Ameni.

⁹²³ Baba, tinoisa maoko pahanzvadzi yedu, uye tokumbira kuti, nemuZita raIshe Jesu, kuti muipodze nekuiita kuti inaye. Ameni.

MuZita raIshe Jesu, tinoisa maoko pamusoro pehama yedu uye tokumbira kuti Muipodze kuitira mbiri yaMwari.

Baba, nemuZita raIshe Jesu, tinozodza hanzvadzi, nekuisa maoko pamusoro pavo uye nokukumbira kupodzwa kwavo muZita raJesu.

Mwari Baba, tinoisa maoko pamusoro pehama yedu, tinozvikumbara kuti, nemuZita raJesu Kristu, apo tichivazodza kuti Muvapodze.

Baba, heunoi, mudzimai wavo anodikanwa . . . ? . . . kuvazodza nokuisa maoko pamusoro pavo, tichizvikumbira, nemuZita raJesu Kristu.

⁹²⁴ Ishe Mwari, tinozodza Edith mudiki, toisa maoko pamusoro pake, uye tokumbira muZita raIshe Jesu Kristu kuti Muzomupa chikumbaro chake.

Baba, kuna mai vake, tinovazodzawo nekuisa maoko pamusoro pavo uye tinokumbira kupodzwa kwavo, nemuZita raIshe Jesu Kristu, dai vapodzwa.

⁹²⁵ Baba, tinozodza dombo rakakosha iri diki remhuri ino, kurova kwemoyo kudiki, nemuZita raIshe Jesu, rimwe zuva kuzvipira kwaAri, uye ndinonamata kuti Mugomupodza . . . ? . . .

⁹²⁶ Oo Mwari, Munoziva chikumbaro chehanzvadzi yedu uye tinoKutendai nokuda kwekutenda kwavo kwakasimba. Zvino, dai zvinhu izvo zvavakumbira, kuti . . . ? . . . vavakatamba navo vachiri mudiki, uye Mwari, dai muvengi asunungura mudzimai wacho uye dai adzoka kumba aita zvakanaka, Ishe. Tinonamatira murume uyo, zvakare, wavakumbirira, Makavimbisa, “Kana mukakumbira chero chinhu chipi zvacho muZita raNgu, Ndichachiita.” Ndinonamata kuti Mupe chikumbaro ichi, nemuZita raJesu. Ameni. Mwari vakuropafadzei.

927 Ishe, setsinga iyi iri kufa pahuma yehama yangu, tinokumbira kuti hupenyu hubude, tichiisa maoko pamusoro pavo uye tichizvikumbira, muZita raJesu, kuti tsinga iyoyo iite zvakanaka.

Mwari Baba, tinoturika maoko pamusoro pehanzvadzi yedu mushure mekuvazodza nemafuta, nemuZita raIshe Jesu Kristu, tinokumbira kupodzwa kwavo. Amen.

928 Baba veKudenga, sezvo hanzvadzi yedu yakamiririra pane kubudirira kwakawanda kukuru kwaMakaunza, vakamiririra mumwe wemuranda weNyu, mushumiri, anohuta-huta zvikuru; moyo wedu wekunzwira unoenda kwavari tinoziva zvanopfuura nemazviri. Ndinonamata, Mwari, kuti Muzodze hanzvadzi yedu nekuda kwekvamiririra pano uye muvazodze kuitira kupodzwa kwavo. Ndinonamata, muZita raKristu. Amen. . . ? . . . Ishe vanoziva . . . ? . . .

929 Zvakanaka. Ndinofara zvikuru. Ndicho zvezmazvirokwazvo chizoro chaShe. Ishe Mwari, mushure mekunge mukadzi uyu asunungurwa kubva kudhimoni raanga achirwisa kwemakore, rimwe zuva Makamuita kuti auye nekumba uko zvino ipapo Mweya ndokuburuka, “ZVANZI NAJEHOVHA,” mushure mekunge achema, airara paartari, akanga aita zvoze zvaaziva kuita, asi zvatora ZVANZI NAJEHOVHA. Zvino, ari kuuyira mwana wemukoma wake ari kurutsa; asingakwanisi kufamba, akatopfuura gore pari zvino. Ndinonamata, Ishe, kuti Mugopa maropafadzo aMwari kwaari nemuZita raJesu Kristu. Ndinofara kwazvo nokuda kwaizvozo, hanzvadzi, muri kutaridzika zvakasiyanawo, zvakare. Uye muri kure-kure nekufa zvino, hamusi here?

Mwari Baba, tinonamata kuti Muropafadze hanzvadzi yedu patinenge tichivazodza nekuisa maoko pamusoro pavo uye tokumbira kuti chinhu ichi chaMakati: “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda. Vachaisa maoko pamusoro pavarwere, vachapora.” Tinopupura kuva vatendi, Ishe, saka tinonamata kuti Muite chimwe chinhu, muZita raJesu. . . ? . . .

930 Mwari Baba, nekuziva moyo wemukadzi mudiki uyu, sekuudurura kwaaita, tinonamata kuti Mumuitire tsitsi uye mugomupa chikumbiro chaakumbira. O Mwari Baba, kuitira mhuri yake, kuitira vana vake, mukomana wake, kunyanya, Mwari, ndinonamata zvino, kuti Mugopa zvinhu izvi. . . ? . . . nemoyo wangu wese, ndinozvikumbara, muZita raJesu. Amen.


Mwari Baba, patiri kuzodza mudzimai uyu nemafuta, uye nokumunamatira muZita raIshe Jesu, kuti Mumupodze nokumuita kuti aite zvakanaka kuitira mbiri yaMwari.

931 Zita renyu haringave riri West, ringava here?

Baba, tinonamatira mudzimai mudiki uyu. Anokumbirira baba vake. Zvino, ndinonamata kuti Mugopa baba vake, kudanwa pamwoyo wavo, Ishe. Anoda kuti vaponeswe. Haadi

kuti vave munyika sezvavari, uyu, mwana wavo pachavo, mwana wavo. Ndinonamata, Baba, kuti Muvanzwire tsitsi, muZita raKristu.

⁹³² Ropafadzwa, mwanasikana wangu, dai Mwari vakupa, chinhu chawakumbira.

Mwari Vanodikanwa, tinonamatira tsitsi kwaari, uye tinokukumbirai kuti Muve netsitsi, apo tinomuzodza . . . ? . . . 

MIBVUNZO NEMHINDURO VAHEBHERU CHIKAMU III SHO57-1006
(Questions and Answers on Hebrews Part III)

MHARIDZO DZAKATEVEDZANA DZEMAZVIBATIRO, HURONGWA NE DZIDZISO ZVEKEREKE

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo manheru, Gumiguru 6, 1957, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2022 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org